ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БАС ИЛИМИЙ-МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙ

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ
ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ
ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ

# «АНАЛИТИКАЛЫҚ ФИЛОСОФИЯ» МОДУЛИ БЎЙИЧА

## ОҚЫЎ-МЕТОДИКАЛЫҚ КОМПЛЕКС

НӨКИС – 2018

Бул оқыў – методикалық комплекс Жоқары ҳәм орта арнаўлы, кәсип өнер тәлими бағдарлары бойынша оқыў методикалық бирлеспелер хызметин Муўапықластырыўшы кеңестиң 201__жыл ______________дағы______-санлы протоколы менен мақулланған үлги бағдарламаға муўапық ислеп шығылған.


| | | |
|---|---|---|
| **Дүзиўши:** | - | Бердимуратова Алима Карлыбаевна<br>Философия илимлери докторы |
| **Пикир бериўши:** | - | Якубов Махсуд Ашурович<br>Философия илимлери кандидаты, доцент |



Оқыў методикалық комплекс Қарақалпақ мәмлекетлик университети Кеңесиниң 201 жыл «__» _________дағы ___ - санлы қарары менен басып шығарыўға усынылған.

# МАЗМУНЫ

1. ИСШИ ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМАСЫ........................................................ 4
2.ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ........................................................................ 18
3.ӘМЕЛИЙ САБАҚЛАРЫ БОЙЫНША ТАПСЫРМАЛАР ........................ 81
4. ӨЗ-БЕТИНШЕ ЖУМЫСЛАР................................................................ 86
5. ГЛОССАРИЙ ........................................................................................ 106
6. ПИТКЕРИЎ ЖУМЫСЫ ТЕМАЛАРЫ .................................................. 116
7. ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ ............................................................................. 116
8. ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ ...................................................................... 133

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БАС ИЛИМИЙ-МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

“ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН"
Аймақлық орай директори
_______________ К.Убайдуллаев
“______”_____________ 2018 йил

**«Аналитикалық философия»**

**модули бойынша**

# 1. ИСШИ ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМАСЫ

(Философия бағдары бойынша жоқары билимлендириў мәкемелери педагог кадрларын қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин жетилистириў курсы ушын)

**Нөкис – 2018**

Бул исши оқыў бағдарламасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы, кәсип өнер тәлими бағдарлары бойынша оқыў методикалық бирлеспелер хызметин Муўапықластырыўшы кеңестиң 201__жыл _____________дағы______-санлы протоколы менен мақулланған үлги бағдарламаға муўапық ислеп шығылған.

| | | |
|---|---|---|
| **Дүзиўши:** | - | Бердимуратова Алима Карлыбаевна<br>Философия илимлери докторы |
| **Пикир бериўши:** | - | Якубов Махсуд Ашурович<br>Философия илимлери кандидаты, доцент |

Исши окыў бағдарламасы Аймақлык орай Илимий-методикалық кеңестиң 2017 жыл «__» _________дағы ___ - санлы қарары менен тастыйықланған.

## Кирисиў

Бағдарлама Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2015 жыл 12 июндағы “Жоқары билимлендириў мекемелериниң басшы ҳәм педагог кадрларын қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин жетилистириў системасын және де жетилистириў илажлары ҳаққындағы” ПФ-4732-сан Пәрманындағы үстинликке ийе бағдарлар мазмунынан келип шыққан жағдайда дүзилген болып, ол ҳәзирги заман талаплары тийкарында қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў процесслериниң мазмунын жетилистириў ҳәмде жоқары билимлендириў мекемелери педагог кадрларының кәсиплик компетентлигин турақлы асырып барыўды мақсет қылады.

Бағдарлама мазмуны арнаўлы пәнлер негизинде илимий ҳәм әмелий изертлеўлер, технологиялық раўажланыў ҳәм оқыў процессин шөлкемлестириўдиң ҳәзирги заман методлары бойынша соңғы жетискенликлер, көнликпе ҳәм қәнийгеликлерин қәлиплестириўди нәзерде тутады.

Бағдарлама шегарасында берилип атырған темалар билимлендириў тараўы бойынша педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў мазмуны, сыпаты ҳәм олардың таярлығына қойылатуғын улыўма қәнигелик талаплары ҳәм оқыў режелери тийкарында қәлиплестирилген болып, бул арқалы жоқары билимлендириў мәкемелери педагог кадрларының тараўға тийисли ҳәзирги заман билимлендириў ҳәм инновация технологиялары, илимий хызметин турақлы жетилистирилиўи тәмийнленеди.

Қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў бағдарының өзине тән өзгешеликлери ҳәмде актуал мәселелеринен келип шыққан жагдайда бағдарламада тыңлаўшылардың арнаўлы пәнлер шегарасындағы билим, көнликпе, қәнигелик ҳәм де компетенцияларына қойылатуғын талаплар жетлистирилип барыўы мүмкин.

Бул оқыў модулында тыңлаўшының оқыў жүклемеси – 30 саат болып, соннан:

Жәми аудитория оқыў жүклемеси – 26 саат;
Соннан: Теориялық сабақлар – 10 саат;
Әмелий сабақлар – 16 саат;
Өзбетинше жумыс – 4 саат

## 2. Модуль атамасы: Аналитикалық философия

**Модульдың мақсети:** Тыңлаўшыларға философия пәни тараўында қолға киргизилген жетискенликлер ҳәм олардан оқыў процессинде пайдаланыўдың нәтийжели методларын таңлаў ҳәм қоллаў бойынша билим ҳәм көнликпелерди қәлиплестириў. Гөнерген стереотиплерден, қатып қалған философиялық догмалардан тазаланған, дүнья жүзлик философиялық идеялар менен, бул дуньяның кең дәрежеде улыўмаластырылған көринисин, адамның бул дүньядағы орнын кең дәрежеде анықлаўға бағдарланған, адамзаттың тәбиятқа, жәмийетке ҳәм руўхый турмысқа қатнасларының тийкарғы көринислериниң улыўма нызамлары, адам болмысының тийкарлары ҳам негизги принциплери хаққындағы билимлер системасының ҳәзирги ҳалаты менен тыңлаўшыларды таныстырыў.

Аналитикалық философияны оқытыўдың мақсети - тыңлаўшыларда методологиялық, логикалық, гносеологиялық, эпистемологиялық ойлаўдың тийкарғы принциплерин қәлиплестириў, философиялық көз-қарастың тийкарында қурамалы система болған ҳәзирги дүньяны дурыс ҳәм ҳәр тәреплеме түсиниў мүмкиншилигине ийе, улыўма тийкарланған, заман талабына ҳәм миллий идеологияның талапларына сай философиялық мәдениятты қәлиплестириў. Философиялық мәдения - бул адамның улыўма мәдениятының состав бөлеги болып, бүгинги күнде оны қәлиплестириў жүдә үлкен әҳмийетлилиги менен өзгешеленип, «адам-дүнья» системасын билиўдиң айрықша формасы.

**2.1.Күтилетуғын нәтийжелер:** Тыңлаўшылар усы модулды өзлестириў процесинде төмендеги билим ҳәм көнликпелерге ийе болады.

| **Билим** | **Көнликпелер** |
|---|---|
| • Аналитикалық философия пәнине тийисли билиўлик, эпистемологиялық логикалық, методологиялық проблемалардың мазмуны бойынша жаңа билимлерге ийе болады | • Аналитикалық философия пәнине тийисли билиўлик, эпистемологиялық логикалық, методологиялық проблемалардың мазмунын түсинеди ҳәм түсиндире алады. |
| Гуманизм руўхында тәрбиялаўға бағдарлайтуғын инсан ҳәм қоршаған орталық арасындағы байланысты ҳәр тәреплеме сәўлелендиретуғын «мен нени билиўим мүмкин?», «мен не ислеўим керек?», «мен неге үмитлениўим мүмкин?» деген мәселелерди анализлеўге илимий тийкарланған билимди алады. | • Гуманизм руўхында тәрбиялаўға бағдарлайтуғын инсан ҳәм қоршаған орталық арасындағы байланысты ҳәр тәреплеме сәўлелендиретуғын «мен нени билиўим мүмкин?», «мен не ислеўим керек?», «мен неге үмитлениўим мүмкин?» деген мәселелерди анализлеўге тийкарланған ҳалда педагогикалық искерлигинде пайдаланады. |

| | |
|---|---|
| • Дүнья-адам системасы ҳаққындағы илимий тийкарланған көз қарасты қәлиплестириў усылларын өзлестириў бойынша билимлерин кеңейттиреди.<br>Бул бағдарда оқытыўды илим ҳәм өндиристиң интеграциясына тийкарланған билимлер менен жаңартады ҳәм раўажландырады. | • Аналитикалық философия бойынша алған билимлерин оқытыў процессинде кеңнен пайдалана алады. Алынған теориялық билимлерди ҳәр бир қәнигелик пенен байланыстырған ҳалда студентлерге үйретиўдиң полипарадигмаллық технологияларын өзлестиреди ҳәм оқытыў процессине енгизе алады. Бул бағдарда теория менен әмелияттың интеграциясын тәмийинлеўге қаратылған билим ҳәм көнликпеден пайдалана алады |
| • Методологиялық бағдардағы дүньялық философияда топланған логикалық позитивизм, лингвистикалық философия, феноменология бойынша жаңа билимлерге ийе болады. | • Философия методологиялық ўазыйпаны атқарғаны ушын, тыңлаўшылар студентлерге философияны үйретиў арқалы өз қәнигеликлерин және де жетик өзлестириўге имканият туўыдыратуғын тәжрийбени өзлестиреди. |

## 2.2 Модуль бойынша саатлардың бөлистирилиўи:

| | Темалар | тыңлаўшының оқыў жүклемеси, саат | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Ҳәммеси | Аудиториядағы оқыў жүклемеси | | | | Өзбетинше жумыс |
| | | | Жәми | Соннан: | | | |
| | | | | Теориялық | Әмелий сабақлар | Тәжирийбе алмасыў (көшпели сабақлар) | |
| 1. | Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар | 10 | 8 | 4 | 4 | | 2 |
| 2. | Логикалық анализ ҳәм оның структурасы | 6 | 6 | 2 | 4 | | |
| 3 | Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы | 8 | 6 | 2 | 4 | | 2 |
| 4 | Аналитикалық эпистемология ҳәм феноменология | 6 | 6 | 2 | 4 | | |
| | | **30** | **26** | **10** | **16** | | **4** |

## 2.3. Теориялық ҳәм әмелий сабақлар темалары

| | Модул бирликлери атамасы ҳәм қурамы | Сабақ түри | Саатлар муғдары |
|---|---|---|---|
| 1 | **Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар**<br>1. Аналитикалық философияның келип шығыў мәселеси<br>2.Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлары<br>3.Илимий мектеплердиң тийкарғы искерлиги<br>4. Витгенштейн тәлиматы. Түсиниў проблемасы | теориялық | 4 |
| 2 | **Логикалық анализ ҳәм оның структурасы**<br>1. Логикалық анализ түсиниги<br>2. Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары<br>а. Аргументлестириў процесси, оның дүзилиси (структурасы) ҳәм тийкарғы түрлери<br>б. Дәлил түсиниги ҳәм оның дүзилиси<br>в. Сын ҳәм бийкарға шығарыў, олардың тийкарғы усыллары<br>г. Аргументацияға қойылатуғын қәделер ҳәм қәтешиликлер | теориялық | 2 |
| 3 | **Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы**<br>1. Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны<br>2. Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги | Теориялық | 2 |
| 4 | **Аналитикалық эпистемология ҳәм феноменология**<br>1. Аналитикалық эпистемология<br>2. Аналитикалық философия ҳәм феноменология | Теориялық | 2 |
| 5 | **Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар**<br>1. Аналитикалық философияның келип шығыў мәселеси<br>2. Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлары<br>3.Илимий мектеплердиң тийкарғы искерлиги<br>4. Витгенштейн тәлиматы. Түсиниў проблемасы | Әмелий | 2 |
| 6 | **Дж Мур ҳам Б. Расселдиң тәлийматлары**<br>1. Дж. Мурдың философиялық пикирлери ҳам әмелий ақыл критикасы.<br>2. Б.Расселдиң атомистлик фактлер теориясы<br>**3.** Б.Расел тәрепинен усынылған класслар хаққындағы концепциясы | Әмелий | 2 |
| 7 | **Логикалық анализ ҳәм оның структурасы**<br>1. Логикалық анализ түсиниги<br>2. Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары<br>а. Аргументлестириў процесси, оның дүзилиси (структурасы) ҳәм тийкарғы түрлери<br>б. Дәлил түсиниги ҳәм оның дүзилиси<br>в. Сын ҳәм бийкарға шығарыў, олардың тийкарғы | Әмелий | 4 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | усыллары<br>г. Аргументацияға қойылатуғын қәделер ҳәм қәтешиликлер | | |
| 8 | **Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы**<br>1. Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны<br>2. Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги<br>А. Ойлаўдың тийкарғы нызамлары<br>Б. Тил баянламаларының семантикалық категориялары<br>В. Атлар. Предметлик мәнис ҳам мазмунлық мәнис | Әмелий | 4 |
| 9 | **Аналитикалық эпистемология ҳәм феноменология**<br>1. Аналитикалық эпистемология<br>2. Аналитикалық философия ҳәм феноменология | Әмелий | 4 |
| | **ЖӘМИ:** | | **26** |

**2.4. Өзбетинше жумыс ушын темалар**

| | **Модул бирликлери бойынша өзбетинше жумыс темалары** | **Саатлар муғдары** |
|---|---|---|
| 1 | Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар | 2 |
| 2 | Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы | 2 |
| | **Жәми:** | **4** |

## БАҲАЛАЎ КРИТЕРИЯЛАРЫ

| | **Оқыў-тапсырма түрлери** | **Максимал балл** | **Баҳалаў критериялары** | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **2,5** | **"айрықша" 2,2-2,5** | **"жақсы" 1,8-2,1** | **"орта" 1,4-1,7** |
| **1.** | Кейс ислеп шығыў | 0,5 | 0,4-0,5 | 0,34-0,44 | 0,28-0,3 |
| **2.** | 4 дәрежели тапсырма ислерин орынлаў | 1 | 0,9-1 | 0,73-0,83 | 0,56-0,7 |
| **3.** | Өзбетинше жумыс тапсырмаларын орынлаў | 1 | 0,9-1 | 0,73-0,83 | 0,56-0,7 |

# 3. МОДУЛЬ МАЗМУНИ

## 3.1. Теориялық сабақлар мазмуны:

1. Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар

Аналитикалық философияның пайда болыўы. Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлары ҳәм ҳәзирги ҳалаты. Илимий мектеплердиң искерлиги. Джордж Эдвард Мур ҳәм Бертран Расселдиң тәлиматлары. Позитивизм, эмпириокритицизм, неопозитивизм, постпозитивизмниң тийкарғы идеялары. Логикалық позитивизм ҳәм лингвистикалық анализдиң мақсет ҳәм ўазыйпалары. Людвиг Витгенштейнниң тәлиматы

2. Логикалық анализ ҳәм оның структцрасы

Логикалық анализ түсиниги. Логикалық анализдиң структурасы. Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары. Аргументлестириў процесси, оның дүзилиси (структурасы) ҳәм тийкарғы түрлери. Дәлил түсиниги ҳәм оның дүзилиси. Сын ҳәм бийкарға шығарыў, олардың тийкарғы усыллары. Аргументацияға қойылатуғын қәделер ҳәм қәтешиликлер.

3. Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы

Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны. Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги. Ойлаўдың тийкарғы нызамлары. Тил баянламаларының семантикалық категориялары. Атлар. Предметлик мәнис ҳам мазмунлық мәнис.

4. Аналитикалық эпистемология ҳәм феноменология

Аналитикалық эпистемология. Гносеология ҳәм эпистемология Аналитикалық философия ҳәм феноменология. Кант, Гегель, Гуссерль тәлиматлары. Түсиниў проблемасы.

## 3.2. Әмелий сабақлар мазмуны

### 1-тема: Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар

1. Аналитикалық философияның келип шығыў мәселеси

2.Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлары

3.Илимий мектеплердиң тийкарғы искерлиги

4. Витгенштейн тәлиматы. Түсиниў проблемасы

**2-тема: Дж Мур ҳам Б. Расселдиң тәлийматлары**

1. Дж. Мурдың философиялық пикирлери ҳам әмелий ақыл критикасы.
2. Б.Расселдиң атомистлик фактлер теориясы
3. Б.Расел тәрепинен усынылған класслар хаққындағы концепциясы

**3-тема: Логикалық анализ ҳәм оның структурасы**

1. Логикалық анализ түсиниги
2. Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары

**4-тема. Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы**

1. Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны
2. Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги

А. Ойлаўдың тийкарғы нызамлары

Б. Тил баянламаларының семантикалық категориялары

В. Атлар. Предметлик мәнис ҳам мазмунлық мәнис

**5-тема: Аналитикалық эпистемология ҳәм феноменология**

1. Аналитикалық эпистемология
2. Аналитикалық философия ҳәм феноменология

**4. Қадағалаў ушын сораўлар:**

1. Аналитикалық философия дегенимиз не?

2. Аналитикалық философияның қандай бағдарлары бар?

3. Б.Расселдиң «Что такое философия?» атлы мийнетинде философияның образы қалай түсиндирилген??

A. Илим ҳәм философияның арасындағы айырмашылық неде?

B. Б.Рассел философияның келешегин неде көреди?

C. Заманагөй жәмийетте философияның баҳалығы неде?

D. Б.Рассел логикалық атомист деген терминниң мәнисин қалай түсиндиреди?

4. Философия тилдиң механизмлерин ҳәм оның мазмунлық мәнислерин анықлаў сыпатында дегенимиз не?

5. Витгенштейнниң «Философиялық изертлеўлер» атлы мийнетинде қандай мәселелер көтериледи?

6. Витгенштейн «тиллик ойынлар» дегенде нени түсинеди?

7. Билиўде «анық емес түсиниклердиң» роли қандай?

8. Витгенштейн философияның қандай өзгешеликлерин бөлип көрсетеди?

9. Логикалық анализге түсиндирме бериң.

10. Тастыйықлаўларды дәлиллеў қандай усыллары бар?

11. Аргументацияның ҳәм сынның дүзилиси ҳәм түрлерин атап көрсетиң.

12. Аргументлестириў билиў процесси сыпатында қандай белгилерге ийе?.

13. Тезиске қатнасы бойынша аргументациның ҳәм сынның қандай қәделери бар?.

14. Аргументлерге қатнасы бойынша қәделерди атап көрсетиң.

15. Абстрактлик ойлаўдың тийкарғы белгилери қандай?

16. Ойдың логикалық формасы дегенимиз нени аңлатады?

17. Формал логиканың тийкарғы нызамларына анализ бериң.

18. Белги дегенимиз не?

19. Белгилердиң қандай тийкарғы түрлери бар?

20. Атлардың тийкарғы түрлерине анализ бериң.

21. Дескриптивлик терминлердиң тийкарғы типлерин көрсетиң.

22. Эпистемология дегенимиз не?

1. 23. Аналитикалық философияның мазмунына түсиндирме бериң. Оның состав бөлеклерин анализлең.

24. Методология дегенимиз не?

25. Феноменологияның қәлиплесиўине улыўма сыпатлама бериң.

26. Гуссерль феноменологияны қалай түсиндиреди?

## 5. ОҚЫТЫЎ ҚУРАЛЛАРЫ

1. Слайдлар
2. Компьютер
3. Интернет системасы
4. Видеопроектор
5. Кадоскоп
6. Флипчарт
7. Презентация
8. Доска
9. Пор
10. Комплекс
11. Маркерлер
12. A2, A3, A4 қағазлары.

## 6. Әдебиятлар

### I. Басшылыққа алынатуғын әдебиятлар:

1. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. –Т.: “Маънавият”, 2008.–Б.176.

2. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. –Т.: “Ўзбекистон”, 2011.–Б.440.

3. Каримов И.А. Она юртимиз бахти иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат қилиш – энг олий саодатдир. –Т:. “Ўзбекистон”, 2015. –Б.302.

4. Мирзиёев Ш.М. “Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз” мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Президенти лавозимига киришиш тантанали маросимига бағишланган Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи. – Т.: “Ўзбекистон”, 2016. –Б.56.

5. Мирзиёев Ш.М. “Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови” мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. – Б.48.

6. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. –Т.: “Ўзбекистон”. – 2017.– Б.102.

7. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб ҳалқимиз билан бирга қурамиз. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. –Б.488.

### II. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер:

1.Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги 4947-сон Фармони.

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 5 июлдаги “Ёшларга оид давлат сиёсати самарадорлигини ошириш ва Ўзбекистон ёшлар иттифоқи фаолиятини қўллаб-қувватлаш тўғрисида”ги 5106-сон Фармони.

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2015 йил 12 июндаги “Олий таълим муасасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 4732-сон Фармони.

5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 2 февралдаги “Коррупцияга қарши курашиш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси Қонунининг қоидаларини амалга ошириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-2752-сонли қарори.

6. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 20 апрелдаги “Олий таълим тизимини янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-2909-сонли қарори.

7. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2012 йил 26 сентябрдаги “Олий таълим муассасалари педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 278-сонли қарори.

8. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2015 йил 20 августдаги “Олий таълим муассасалари раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини оширишни ташкил этиш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 242-сонли қарори.

9. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2017 йил 27 февралдаги “Олий таълим муассасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш курслари тўғрисидаги низомга ўзгартириш ва қўшимчалар киритиш ҳақида”ги 103-сонли қарори.

## Ш. Арнаўлы әдебиятлар:

1. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технологиялар ва педагогик маҳорат. Т.: Молия, 2003 – 192 б.

2. Ракитов А.И. Философские проблемы науки. М., Мысль. 1977, 270 с.

3. Шермухамедова Н.А. Гносеология – билиш фалсафаси. Т., Ношир, 2011.

4. Шермухамедова Н.А. Фан фалсафаси. Т.: Ношир, 2013.

5. Shermuxamedova N. Falsafa va fan metodologiasi. T.: Axborot texnologialari, 2008.

6. Юдин Э. Г. Методология науки. Системность. Деятельность. Серия: Философы России XX века. Изд. 2, стереотип. ЛЕНАНД. 2016. 448с.

7. DUET-Development of Uznekistan English Teachers – 2-tom. CD va DVD материаллари, Тошкент. 2008.

8. Michael McCarthy English Vocabulary in use. Cambridge University Press, 1999, Presented by British Council.

**IV. Электрон тәлим ресурслары:**

1. www. Lex.uz

2. www. Zionet.uz

3. www.edu.uz.

4. www. Ma`naviyat.uz

5. www.faylasuf.uz

6. www.Bilim.uz

7. www.Fikr.uz

8. www.Uza.uz

9. www.Senat.uz

10. www. Nauka.uz

11. www.Muloqot.uz

12. www. Xabardor.uz

13. www.Huquqburch.uz

14. www/.arcto.uz.

15. http:// www.bimm.uz

Philosoff.ru

grani.agni-age.net

# 2.ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

## 1-ТЕМА: АНАЛИТИКАЛЫҚ ФИЛОСОФИЯ: ТИЙКАРҒЫ БАҒДАРЛАР ҲӘМ ПРОБЛЕМАЛАР

**РЕЖЕ:**

1. *Аналитикалық философияның келип шығыў мәселеси*
2. *Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлары*
3. *Илимий мектеплердиң тийкарғы искерлиги*
4. *Витгенштейн тәлиматы. Түсиниў проблемасы*

**Таяныш сөзлер:** *аналитикалық философия, логикалық позитивизм, логикалық атомизм, лингвистикалық философия, илим философиясы, логикалық эмпиризм, верификация принципи, фальсификация принципи, историцизм.*

### 1.1. Аналитикалық философияның келип шығыў мәселеси

XX-әсирдиң интеллектуаллық мәдениятының өзгешелик белгилериниң бирин аналитикалық философияның раўажланыўы ҳәм тәсириниң күшейиўи береди. Оның келип шығыўының тийкарында англичан философлары Джордж Эдвард Мур ҳәм Бертран Рассел турған. Немец логики ҳәм математиги болған Готлоб Фрегениң де роли айрықша болған. Аналитикалық философия билимлердиң тийкарын үйрениў дәстүрлерин – олардың сезиўлик, эмпирикалық, рационаллық ҳәм де теориялық формаларының барлығын мийрас қылып алған.

Берилген бағдардың улыўмалық белгисин логика ҳәм лингвистика илимлериниң жетискенликлерине тийкарланған ҳалда философиялық проблемаларды шешиў ушын тилди майдалап изертлеў алып қаралады. Анализеў философиясының баслы мақсетин ойдың структурасын анықлаў, анықсызлыққа анықлылықты киргизиў, тил ҳам реаллықтың ара қатнасында түсиниклиликке ерисиў, әҳмийетли ҳәм бос баянламалардың анық түрде ажыратыў береди.

Аналитикалық философияның негизги, дәслепки проблемаларын ҳәм түсиниклерин Г.Фреге өзиниң «О смысле и значении» /1892/ деген мақаласында ислеп шығады. Ол математиканың тийкарларын қайта қурыў ушын математикалық логика аппаратының нәтийжелигин көрсетип береди. Аты көрсетилген мийнетинде ол математикалық логика усылларын философиялық мәселелерди шешиў ушын қолланыўға баслама салады. Ол базалық проблемаларды қәлиплестиреди ҳәм аналитикалық философияның тийкарғы терминлерин киргизеди. Синтетикалық /а=в/ ҳәм аналитикалық /а=а/ пикирлердиң билиўлик потенциалын салыстырып, Фреге жаңа билимниң биринשиге тийкарланып пайда болатуғынлығын көрсетеди, бирақ олардың шынлығының реал неге тийкарланатуғынлығы ҳаққындағы мәселениң ашық қалатуғынлығын айтады. Яғный бир биринен парықланатуғын А баянламасы ҳәм Б баянламасының барабар болыў тийкарының қандай екенлиги ашық қалады. Фреге бойынша жеке /меншик/ атлар – синтетикалық пикирлердиң элементлери – олар егер улыўма референтке /олар бағдарланған сыртқы объектке сәйкес келиўшиге/ ийе болса ғана барабар алып қаралады. Бул атлардың мәниси қандай да бир объектке /референцияға / көрсетиўге теңлеседи. Мәнисин меншик атлар менен белгилеў зәрүрли түрде олардың белгили мазмунға ийе болатуғынлығын сәўлелендиреди. Фреге хабар гәплердеги ой мазмунға ийе болады ҳәм де олардың ҳақыйқый шынлығы яки жалғанлығы олардың мәнисин береди деп көрсетеди.

Аналитикалық философияның раўажланыўындағы кейинги адымды /оның тарийхындағы уллы бурылысты берген дәўир/ Рассел ҳәм Мурдың атлары, дөретиўшилиги менен байланыслы. Яғный аналитикалық философияны раўажландырған Мур менен Рассел. Олардың екеўиде реализм бағдарында шешилетуғын билиў теориясының дәстүрий проблемаларына үлкен дыққат аўдарған. Яғный билиў предметиниң оны қабыл етиўден, фактиң болса ол ҳаққындағы пикирлерден бийғәрезлигин мойынлаған. Егер изертлеў методларын басшылыққа алатуғын болсақ, онда Мур да, Рассел де

аналитиклер түринде пикирлеген, философияда аналитикалық ҳәрекеттиң раўажланыўына түртки саған. Рассел Әлемниң плюралистлиги ҳаққындағы идеяны (яғный ҳақыйқыйлық санадан бийғәрез жасайды) алға сүреди. Рассел тилди атомарлық фактлерди сәўлелендиретуғын картина сыпатында алып қарайды. Расселдиң дыққаты символикалық логиканың аналитикалық мүмкиншиликлерине ҳәм математиканың тийкарларын изертлеўге қаратылған. Бул жерде ол Фрегениң мийнетлерине арқа сүйеген. Мурды болса философиялық түсиниклер ҳәм проблемаларды әдеттеги тил ҳәм туўры мәни усыллары менен анализлеў қызықтырған.

Тар мәнисте аналитикалық философияны XX-әсирдеги (урыстан кейинги басқыштағы) англо-америкалық философияның үстинликке ийе бағдары деп алып қарасақ болады.. Кең мәнисте аналитикалық философия - философиялық ойлаўдың белгили бир стилин береди, онда терминлердиң қолланылыўының қатаңлылығына ҳәм анықлылығына, дәллигине дыққат аўдарылады, кең философиялық улыўмаластырыўларға ҳәм спекулятивлик пикирлеўлерге абайлап қатнас жасаў кереклигин алға сүреди. Аналитикалық философияда философиялық идеялардың қәлиплесиў тили изертлеўдиң әҳмийетли қуралы ғана болып қоймастан, ол үйрениўдиң өз алдына объекти сыпатында да алып қаралады. Бул мақсетлерге ерисиў ушын аналитикалық философия формаллық логиканың, эмпирикалық эпистемологияның, олар менен байланыслы илимлердиң берилгенлериниң изертлеўшилик потенциалынан кеңнен пайдаланады. Белгили бир мәнисте аналитикалық философияны қандай да бир «мектеп» түринде емес, ал жигирмаланшы әсирдиң философиялық ойлаў шегарасындағы өзгеше метафилософиялық пән түриндеги өзгеше интеллектуаллық «ҳәрекет» деп алып қараў шынлыққа жақын келеди десек қәтелеспеген боламыз. Дәстүрий аналитикалық философия неопозитивизм – пизитивизм философиясының бир басқышы менен теңдей деп түсиндириледи. Неопозитивизм термини менен қаралып атырылған ҳәм қайта қурылып атырылған қубылыслар ҳәм процесслерлиң логикалық-лингвистикалық аспектлерине айрықша дыққат аўдарыўшы

қәлеген қатаң ҳәм өзин түсинетуғын философиялық тәлимат алып қаралады. Аналитикалық философияның жеке көринислери ҳәм де оның раўажланыўының айрым басқышлары ушын ғана «позитивизм-неопозитивизм» деген белгини қоллана аламыз.

Барлық аналитикалық философияға тән болған улыўма установкалар ретинде төмендегилерди алып қараўымызға болады: лингвистикалық бурылыў, семантикалық акцент – мәнис проблематикасына, философияны қатаң билим түринде шөлкемлестириў мақсетинде философиялық рефлексия сыпатындағы анализ методына, филосфиялық проблемалар ҳәм лингвистикалық, методологиялық мәселелер арасындағы қатаң бөлиниўди бийкарлаўға өзгеше дыққат аўдарылады. Аналитикалық философияның теориялық ҳәм концептуаллық алғы шәртлерине сократлық индуктивлик сызылмаларды, платонлық диалектиканы, аристотеллик аналитиканы, ойлаўдың ҳәм пикирлеўдиң формаллық структураларын, софистлер ҳәм стоиклердиң семантикалық пикирлерин, Оккам ҳәм логикалық-семантикалық ашылыўларын, Бэконның базар елеслери ҳаққындағы идеяларын, Локктың түсиниклерди дөретиў концепциясын, Декарттың ойлаў философиясын, Канттың илимий билиўин киргизеди. Аналитикалық философия классикалық философиялик пикирлеўдиң жоқарғы жетиксенликлериниң жәмлескен жыйнағын береди десек қәтелеспеген боламыз.

### 1.2. Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлар

Аналитикалық философияның ишинде еки бағдарды бөлип көрсетиўимизге болады. Бириншиси логикалық анализ философиясы деп аталады, екиншиси болса лингвистикалық анализ философиясы түринде алып қаралады. Екиншисин айрым жағдайларда лингвистикалық философия деп те атайды. Биринши бағдарды қоллап қуўатлаўшылар әдетте тийкарынан илим философиясы ҳәм логикасы менен қызықса, екинши бағдардың ўәкиллерин бундай бағдарланыўшылықты жасалма ҳәм философиялық кругозорды шеклейтуғын тар мәниске ийе деп сынға алады.

Джордж Мур /1873-1958/  - англичан философы, неореализм ҳәм лингвистикалық анализ бағдарының  ўәкили. Оны англичан-американы неореализм ҳәм аналитикалық философияның лингвистикалық шақасының тийкарын салыўшылардың бир деп алып қараўымызға болады. Билиў теориясы проблемаларын шешкенде  ол изшил реалист түринде пикирлейди, ал изертлеў методлары бойынша аналитик сыпатында көзге тасланады. Мур өзиниң «Опровержение идеализма»  атлы мақаласында абсолютлик идеалистлик ой-пикирге қарсы шығады, ҳәм усы мийнети Англиядағы реалистлик ҳәрекетке баслама болады. Ол өзиниң критикасын ең алды менен тәжрийбе ҳәм реаллықты идеалистлик жақтан барабар алып қараўға қарсы шағады. Ол қабыл етиў ҳәм қабылланғанның бирдейлиги ҳаққындағы аргументти қәте деп есаплайды. Мур сезиўлик берилгенлер ҳәм физикалық объектлердиң ара қатнасына көп дыққат аўдарады.Ол тек ғана сезиўлик берилгенди анализлеп қоймастан, философиялық түсиниклер, тезислер ҳәм парадокслерди де түсиниў процедураларын да  ислеп шығады. Бул бағдарда ол  үлкен әҳмийетти тилдиң мәнислик әҳмийетине аўдарады. Анализдиң мазмунын  түсиниклер ҳәм баянламаларға анықлылық киргизиў (ал дүнья ҳаққында жаңа фактлерди ашыў емес) береди.  Мур философиядағы аналитикалық ҳәрекетке түртки береди.

Тәбийғый тил философиясында төмендеги бағдарларды бөлип көрсетиўимизге болады. Бириншиси туўры мәнилик философия деп аталады. Ол жоқарыда айтқанымыздай Мур тәрепинен алға сүриледи. Екиншиси кембриджлик мектеп деп аталады, оған жасы үлкен ўақыттағы Витгенштейн, Норманн Малкольм киреди.Үшиншиси оксфордлық мектеп деп аталып, оғанГилберт Райл, Тулмин, Остин киреди. Олардың барлығын тәбийғый тилди символикалық логикадан илҳам алып, математикалық жақтан қәлиплескен тәбийғый илимлерде қолланылатуғын идеалластырылған тилди сынға алыўда тийкарғы нуқта сыпатында алып қараў бириктиреди. Солай етип тәбийиғый тил философиясы ўәкиллери күнделикли тил ҳәм туўры мәнисти қоллап қуўатлаған.

Оннан кейин бул бағдарда Б.Рассел ҳәрекет етеди. Ол да логикалық анализ философиясының қәлиплесиўине шешиўши үлесин қосады. Оның турақлы философиялық қызығыўшылығы математика ҳәм символикалық логика менен байланыслы болады. Усы тараўларға ол аналитикалық философияның раўажланыўын анықлайтуғын фундаменталлық тәсирин тийгизеди. Ол айрықша дыққатты билиў тәбиятын үйрениўге аўдарады. Ол өзиниң көз қарасын илимий туўры мәниске ийе деп баҳалайды. Оның пикиринше, әдетте дүнья адамлардың ҳәм нәрселердиң дүньясын қурайды, бизлердиң киши дүньямыздың горизонтынан кейин үлкен дүнья - Әлем өмир сүреди. Оның билиў теориясы бойынша үлкен мийнетлериниң бирин «Анализ сознания» /1921/ ҳәм «Человеческое познание: его сфера и границы» /1948/ береди. Билимди логикалық анализлеў тараўындағы оның жаңа идеялары нәтийжели болды. Расселдиң әҳмийетли логикалық ашылыўларын сүўретлеў теориясы ҳәм логикалық типлер теориясы береди. Сүўретлеў теориясының баслы предметин хабарлардың мағлыўматлығын ҳәм тилдиң реаллық пенен байланысын тәмийилейтуғын белгилеўши баянламалар береди. Типлер теориясында Рассел түсиниклер классларын олардың улыўмалық дәрежесине қарай анық бөлеклеўди алға сүреди. Оның айтыўынша, оның логикалық доктринасы өз гезегинде оны философияның белгили бир типине – анализ процессин дәлиллеўши типине -алып келген.

Расселдиң пикиринше тил ҳәм ҳақыйқыйлық өз-ара бир мәнили байланысқан. Тил бир тәрептен атомарлық сөзлик баянламалардан, олар өз гезегинде атомарлық фактлер менен сәкес болады ҳәм айрым жағдайда бул сөзлик баянламалардың арасындағы логикалық өз-ара байланыслардантурады. Логикалық байланыслар формаллық логика тәрепинен сүўретленеди. Мысалы ушын пышық ҳәм шыпта сөзлерин алып қарайық. Бул сөзлер атомарлық сөзлик баянламалар түринде алып қаралады, олар атомарлық фактлерге тийисли болады, яғный белгили бир пышыққа ҳәм белгили бир шыптаға тийисли болады. Бул пышық бул шыптада жатыр деген гәп өз-ара бир мәнисли нәрселердиң белгили бир қурамалы ҳәрекети менен

байланысқан болады, яғный ол пышық шыптада жатыр дегенди аңлатады, себеби бул гәпке киретуғын әпиўайы /атомарлық/ лингвистикалық баянламалар нәрселердиң әпиўайы ҳалатын сүўретлейди. Соның менен бирге қаралып атырылған гәптиң синтаксислик формасы  пышық ҳәм шыптаның арасындағы қатнасты дурыс сәўлелендиреди. Солай етип, реаллық әпиўайы, дара фатклерден қуралған деген тезис бар ҳәм соннан келип шығып, усы фактлер менен байланыслы болған эпистемиялық түсинилген тил де әпиўайы, дара баянламалардан қуралған болады. Берилген лингвистикалық баянламалардың арасындағы дурыс логикалық байланыслар усы берилген баянламалар көрсетип турған фактлер арасындағы бар байланысларға сәйкес келеди.

Қызығарлы сөзлик баянламалар ретинде гәплерде алып қаралады, олар орын алған нәрселер ҳаққында бир нәрсени мақуллайды. Бундай гәплер де яки тастыйықлаўлар да реаллық пенен өз-ара бир мәнили сәйкесликте болады, усыған байланыслы ол эпистемиялық түсинилгенликке ийе болады. Сөзлик баянламалардың сораў, буйрық, баҳа бериўши, метафорлық ҳ.б. түрлери бундай қәсийетке ийе болмайды ҳәм билиўлик қызығыўшылықты оятпайды.

Бундай атомистлик тезис реаллық әпиўайы жеке фактлерден турады ҳәм де реаллық ҳәм тил сыртлық көринисте бир бири менен өз-ара сәйкес болады. Оған тийкарланатуғын ойлаў усылы диалектикалыққа /ис-ҳәрекеттиң ҳәр қыйлы түсиниклери ҳәм ҳалатлары бири бирин бийкарлайды ҳәм басқа түсиниклерге ҳәм истиң ҳалатларына дыққатты бурады/ қарсы турады. Диалектика түсиниклердиң ишки байланысларына тийкарланған пүтинликлерди излеўге болған тенденцияларға ийе болады. Ал атомизм болса дүнья ҳәм тилди  бир бирине сырттан қатнаста болатуғын  дара баянламалар ҳәм фактлер түринде алып қарайды. Ишки байланыс ҳаққында айтқанымызда, бизлер дара түсиник басқа түсиниклерден бийқатнаста анықланыўы мүмкин емеслигин түсинемиз. Басқаша айтқанда түсиниклерди толық анықлаў басқа түсиниклерден ғәрезли болады.

Сыртқы қатнас ҳаққында гәп кеткенинде, түсиник ол басқа түсиниклерден бийғәрез өзин аңлатыўшы екенлигин басшылыққа аламыз /яғный пышық ҳәмме ўақытта пышық болады, оның шыптаға қандай байланыста болыўынан бийғәрез/.

Яғный бизлер еки жағдайға ийемиз, олар билимди сәўлелендириў усылын береди.

Бириншиден, тастыйықлаў жақсы алға сүрилген болыўы тийис, яғный грамматикалық жақтан саўатлы қойылыўы керек.

Екиншиден, тастыйықлаў верификацияланған болыўы тийис, яғный бизлер оны бақлаў ҳәм гипотетикалық-дедуктивлик метод жәрдеминде тастыйықлайтуғын уқыплылыққа ийе болыўымыз тийис.

Бул берилген жағдайларға жуўап бермейтуғын тастыйықлаўлар билимди сәўлелендирмейди. Олар эпистемиялық жақтан биймәниликке ийе болады. Оларға мысал ретинде өлтирме, қудай бул ийгилик, субстанция бирликке ийе сыяқлы диний, этикалық ҳәм метафизикалық тастыйықлаўларды алып қараўымызға болады. Эпистемиялық түсинилиў өлшемине тийкарланған ҳалда, бул тастыйықлаўлар билимди сәўлелендирмейди. Бирақ, әлбетте олардың эмоционаллық жақтан түсинилгенликке ийе болыўы бийкарланбайды. Мысалы ушын, қәдриятлар ҳаққындағы тастыйықлаўлар жийи-жийи индивид ушын да, жәмийет ушын да әҳмийетке ийе болады. Бирақ, берилген еки өлшемге байланыслы, олар билимди беретуғын тастыйықлаўларды аңлатпайды.

Расселдиң пикиринен келип шығып, логикалық позитивизмниң көз қарасын қысқа түрде сәўлелендириўге болады. Тек ған еки эпистемиялық түсинилген тастыйықлаў болады, атап айтатуғын болсақ, аналитикалық тастыйықлаўлар ҳәм де жақсы алға сүрилген апостериорлық синтетикалық тастыйықлаўлар.

Басқаша айтқанда, бирден бир эпистемиялық түсинилген тастыйықлаўлар ретинде бизлер формаллық илимлер болған логика, математикадағы ҳәм тәжрийбе ҳәм гипотетикалық-дедуктивлик методларға

тийкарланатуғын илимлердеги тастыйықлаўларды алып қараймыз. /Усындай бағдарда логикалық позитивизмниң тийкарғы көз карасы Вена дөгерегинде раўажландырылды/.

Расселдиң логикалық-философиялық идеялары логикалық позитивизмниң ямаса логикалық эмпиризмниң концепцияларын ислеп шығыўда бағдарлама хызметин атқарды. Егер логикалық позитивизм базасында заманагөй логика бойынша салмақлы мийнетлер дөрелген болса, онда лингвистикалық логиканың тийкарында теориялық лингвистиканың изертлеў программасы қәлиплескен. Бирақ жигирмаланшы әсирдиң аналитикалық философиясында бизлер әҳмийетли философиялық қолға киргизилген жетискенликлерди де көриўимизге болады: адамлық тәжрийбениң сөзлик коммуникация, тил сызылмалары менен тығыз байланысың, сол тийкарда философиялық ойдың, философиялық проблемалардың өзгешелигин жаңадан түсиниўге болады.

## 1.3.Илимий мектеплердиң тийкарғы искерлиги

Философиядағы субъективлик идеалистлик бағдар болған позитивизм он тоғызыншы әсирде пайда болады. Позитивизм латын сөзинен алынып, унамлы дегенди аңлатады. Ол билиў процессин унамлы, яғный конкрет, фактлик, тәжрийбелик билим менен шеклеўди ҳәм улыўматеориялық билиўдиң мәнисин ҳәм практикалық әҳмийетин бийкарлаўды алға сүретуғын философиялық бағдарды береди.. Позитивистлер тек ғана предмет ҳәм процесслердиң қубылысларын изертлеўди алға сүреди, олардың тийкарын билиўден бас тартады.

Позитивизмниң тийкарын салған О.Конт болып, ол илимий айланысқа позитивлик философия деген терминди киргизеди. Оның баслы мийнети Позитивлик философия курсы деп аталады. Бул мийнетинде позитивлик философия дәстүрий, дүньяны түсиндириўши метафизикалық философияға қарсы қойылады. Ол тәбийий илимлер үлгиси тийкарында жаңа унамлы жәмийет ҳаққындағы – социология деген илимди дөреткенлигин айтады.

Социологияның ўазыйпасын эмпирикалық фатлерди түсиндириў емес, ал оларды жыйнаў ҳәм бирлемши систематаластырыў береди.

Позитивизмниң пайда болыўы ҳәр қыйлы тараўлардағы илимлердиң қолға киргизген табыслары тийкарында иске асырылды. Бақлаў, эксперименталлық берилгенлерди анализлеў, салыстырыў, эксперименттиң өзи тек ғана әпиўайы баҳаны талап етип қоймастан, ол илимий шынлықты эмпирикалық тәжрийбе менен байланыслы емес деп алып қарайтуғын философиялық системаларды да баҳалаўды талап етти.

Позитивист философлар шынлыққа дәл, эксперименталлық билим тийкарында ерисиў жолын түсиниўге ҳәрекет етеди. Конт илимпазлар ушын «Алдыннан көриў ушын билиў керек, күшке ийелик етиў ушын алдынна көриў керек» - деген  әжайып тезисти алға сүреди. Оның философиясының тийкарын Метафизика жоқ болсын, жасасын физика деген программа береди. Конттың пикири бойынша материалист ҳәм идеалистлер арасындағы айтыс мәниске ийе емес, өйткени философия тек ғана позитивлик илимий билимге тийкарланыўы тийис.

Позитивизмниң принциплери:

- философиялық билим дәл ҳәм жеткиликли тийкарға ийе болыўы тийис
- билиўде илимий методтан пайдаланыў керек ҳәм басқә илимлердиң жетискенликлерине тийкарланыў тийис
- билимге ерисиўдиң тийкарғы жолын – эмпирикалық бақлаў береди
- философия тек ғана фактлерди изертлеўи тийис, ол фактлердиң себеплерине тийкарланбаўы керек
- философия иззертлеў барысында баҳалық характерден ҳәм қәдриятлық усылдан қутылыўы тийис
- философия басқа илимлерге өзиниң үстинлик ететуғынлығынан бас тартыўы тийис ҳәм басқа илимлердиң арасынан өзиниң конкрет орнын табыўы керек.

Жаңа философияның ўазыйпасын илимлердиң методологиясын ислеп шығыў ҳәм олардың арасындағы байланысларды излеўди ислеп шығыў

береди. Жаңа позитивистлик философияны Гегельдиң, Бконның философиясы алға сүрген принциплер қанаатландырмайды, олардың индуктивлик ой жуўмағын Конт ҳәдден тыс ақылға тийкарланған деп биледи. Конт өз ара байланысқан еки нызамды қәлиплестиреди

Бириншиси: ақылдың раўажланыўының үш басқышы нызамы

Екиншиси: Илимлерди классификациялаў нызамы.

Биринши нызамда адамның ақылы өзиниң раўажланыўы барысында үш фазаны басынан кеширеди: биринշисинде ол адам менен салыстырыўға болатуғын қубылысларды түсиндиреди, екиншисинде – абстрактлик тийкарларға тийкарланады, үшиншисинде феноменлер арасындағы регулятивлик байланысларды қәлиплестирип, оларды бақлаўдан ибарат.

Илимлерди классификациялаў нызамы олардың қурамаласыў дәрежесине қарай бөлистирилиў зәрүрлигин сәўлелендиреди /физика, неорганикалық химия/.

1. Аналитикалық – жансыз тәбияттағы қубылысларды үйренеди.

2. Синтетикалық – адамның көз қарасынан дара фактлерди түсиндиреди /биология/.

3. Социология – социаллық нызамларды үйренеди.

Конттың философиясы социологияның тийкарын салады, оның идеяларын раўажландырғанлар Миль ҳәм Спенсер болған.

Позитивистлик методологияның қолға киргизген табысларының бири – илимий искероликтиң мәнисин анықлаў ҳәм оның искерликтиң басқа тараўлары менен байланысын түсиндириў. Ол философияның өзинде илимий искерликти рационалластырыў проблемасын қояды. Позитивизм методологиясы социаллық изертлеўлердиң раўажланыўына күшли тәсирин тийгизеди.

Жигирмаланшы әсирге келип позитивизм неопозитивизм формасына киреди. Оның өзине тән белгисин билиўдиң формаллық тәрепине дыққаттың күшейтилиўи береди. Ол билиў процессии иске асырылатуғын формаларды

үйренеди. Тил, формаллық ҳәм математикалық логика, илимий билиў структурасы проблемаларын изертлейди.

Неопозитивизм интегративлик ағым болып, ол өз ишине ҳәр қыйлы философиялық мектеп ҳәм бағдарларды қамтыйды. Олардың ишиндеги ең ирисин аналитикалық философия береди. Ол жигирмаланшы әсирдиң 20-жыллары Вена дөгереги тийкарында пайда болады. Ол физикадағы ҳәм математикадағы кризисти субъективистлик- идеалистлик түсиндирме бериў тийкарында қәлиплеседи. Усыған байланыслы теорияның идеал тилин қурыў мәселеси күн тәртибине қойылады.

Неопозитивистлердиң көз қарасынан илимниң идеал тили өз ишине тек ғана эмпирикалық әҳмийетке ийе болған гәплерди қамрап алыўы тийис. Бирақ гәплердиң эмпирикалық әҳмийетлилигиниң өлшеми қандай болады. Бул сораўға мазмунның эмпирикалық әҳмийетлилигиниң верификациялық концепциясы жуўап қайтарады, ол улыўма неопозитивизм филсофиясының ядросын қурайды. Бул жерде барлық доктринаның тәғдири илимий гәплердиң түсинилгенлигиниң верификациялық өлшеми қаншелли дәрежеде дәлилленгенликтен көп нәрсе ғәрезли болады.

Барлық неопозитивистлерди төмендеги жағдайлар бирлестиреди:

- метафизикаға негативлик қатнас. Оны ҳеш қандай қәдриятқә ийе болмаған жалған тәлимат деп алып қарайды, философияның гәплерин қәраўды да мәниске ийе емес деп түсиндиреди.

- илимниң культин алға сүреди. Философия /метафизика/ тилидиң логикалық анализи нәтийжесинде илимлер менен алмастырылыўы тийис. Илимди философиядан бөleклей отырып, наопозитивистлер бирден бир мүмкин болған билим ретинде конкрет илимий билимди алып қарайды, ал философияның ўазыйпасын илимниң тилин анализлеў деп биледи.

- эмпиризмди оның заманагөй түринде мойынлаў. Неопозитивистлердиң барлығы билимди эмпирикалық дәлиллеўдиң методларын излеген. Олардың пикиринше, тек ғана эмпирикалық билим илимий билиў ушын қымбатлы,

баҳалы, тек ғана оның тийкарында илимий пикирлерди ҳәм теорияларды метафизикалық ажыратыўға болады.

- билимниң илимийлик өлшеми – гәплердиң шынлығын, дурыслығын эмпирикалық жақтан тексериў береди, ол верификация деп аталады. Верификация илимий тастыйықлаўларды эмпирикалық тексериў нәтийжесинде олардың шынлығын анықлаў процессин аңлатыўшы түсиник болып табылады. Яғный тәжрийбе фактлери менен салыстырыў жолы иске асырылады. Эмпирикалық тексериўшеңликке келмейтуғын барлық гәплер мәниссиз болады.

-физикализм - бул концепция болып, оған сай илимниң универсаллық тилин физика тили береди, яғный эмпирикалық илимлерде барлық гәплер физикадағы элементар гәплерге алып келиниў тийис. Бул жағдай барлық илимлердиң улыўма базисин физика береди деген мазмунға тийкарланады. Буған қосымша физикалық илимниң элементар гәплери ҳәмме ушын қол жетерли дәрежеде - интерсубъективлик түрде тексериледи.

Неопозитивизмниң критикаланыўы. Неопозитивиз айрым әҳмийетли тезислери бойынша сынға алынады. Атап айтатуғын болсақ, верификация методы универсаллық бола алмайды ҳәм барлық ўақытта қолланылмаўы да мүмкин.. Мысалы ушын неопозитивизм бойынша билимниң состав элементлери ретинде тәжрийбе сүўретленетуғын элементар гәплер алып қаралады. Бул гәплер илим фундаментинде жайласқан ҳәм тиккелей тексериўшеңликке бойсынады. Усыған байланыслы қәлеген қурамалы гәпти протоколлық гәплерге алып келиў керек, ал оларды өз гезегинде верификациялаў зәрүр. Бирақ верификация принципиниң өзи тексерилиў мүмкиншилигине ийе емес. Барлық улыўмалық характерине ийе болған жағдайлар, оның ишинде теориялық нызамлар ҳәм гипотезалар бар болады, верификацияға бойсынбайды. Мысалы ушын, қалай барлық металлар элект өткизеди ямаса жердиң тартылыў күшиниң ҳалаты деген гәпти верификациялаўға болады.

Усылар менен бир қатарда физикализм концепциясы да сынға алынады. Физиклаизмниң де бағдарламасы барлық ўақытта орынлана бермейди. Олар әсиресе этика, психология, политология деген пәнлерде практикалық жақтан иске аспайды.

## 1.4. Витгенштейн тәлиматы. Түсиниў проблемасы

Фальсификацияланатуғын ҳәм фальсификацияланбайтуғын тастыйықлаўлардың арсындағы айырмашылық эпистемиялық түсинилген ҳәм эпистемиялық мәниссиздиң арсындағы айырмашылықтың адекват өлшеми сыпатында алып қаралмайтуғынлығы себепли, олардың арсындағы айырмашылықты қалай бөлип көрсетиўге болады дейтуғын сораўды келтирип шығарады. Бул сораўға жуўапты Витгенштейнниң соңғы жылларда жазған мийнетлерине тийкарланып бериўге болады. Бул мектеп аналитикалық философия деп аталып, ол тәбийғый тилди қолланатуғын ҳәр қыйлы жағдайларды анализлеўден өз жумысын баслайды, яғный тилдиң дискриптивлик мазмунын анализлеўдиң шегарасынан шығады. Лингвистикалық баянламалар түсинилген болады, егер олар бирге қолланылса. Олардың биймәнилиги биргеликте лингвистикалық пайдаланыў менен үзилиў сыпатында түсинилиўи керек болады. Берилген жағдайды түсиндирип өтейик.

Аналитикалық философия тил ҳәм реаллықтың өз-ара бир мәнили сәйкеслиги ҳаққындағы тезистен бас тартады. Ол принципиал дәрежеде дурыс болған тек ғана бир арнаўлы тилдиң, атап айтсақ, тәбийғый илимлердиң тилиниң өмир сүриўи менен келисимге келмейди. Аналитикалық философия сөзлер ҳәм гәплер көплеген ҳәр қыйлы ўазыйпаларға ийе екенлигин мойынлайды. Мысалы ушын, бес қызыл алма контекстке байланыслы ҳәр қыйлы мәниске ийе болыўы мүмкин. Сатыўшының алдында бул гәп айтылса, онда гәп сатып алыў ҳақында кетеди, ал егер оқытыўшы тәрепинен математика сабағында айтылса, онда ол арифметикалық есаптың дурыс жуўабын сәўлелендириўи мүмкин.

Салыстырыў мақсетинде айтсақ та болады, бир ағаштың бөлеги ол шахмат ойынында яки шашака ойынында қолланылғанлығына байланыслы еки ҳәр қыйлы нәрсени аңлатыўы мүмкин. Бул ағаштың бөлегиниң нени аңлататуғынлығын бизлер оның қолланылып атырылған конкрет ойынына қарап айтыўымызға болады. Тап усындай бир сөздиң өзи ҳәр қыйлы контекстлерде ҳәр қыйлы мәниске ийе болыўы мүмкин. Оның мәниси ҳаққындағы сораўға тек оның қолланылып атырылған конкрет усылына қарап жуўап қайтара аламыз.

Изоляциядағы сөзлер ҳәм гәплер жасырын мәниске ийе болады. Тек ғана арнаўлы контексте ғана олар ҳақыйқый мәниске ийе болады. Солай етип, бизлер пайдаланыў, қолланыў мәнисти анықлайды деп айта аламыз. Ал сөзлер ҳәм гәплер көплеген контекстлерге қойылыўы мүмкин, усыған байланыслы олар көплеген мәниске ийе болады.

Усыған байланыслы, тил ҳәм ҳақыйқыйлық арасында өз-ара бир мәнилик сәкеслик жоқ болады. Дүнья қандай болса, оны тап сондай қылып сәўлелендиретуғын бирден бир дурыс илимий тилде болмайды.

Түсинилген ҳәм түсинилмегенниң арасындағы қатаң шеклеў, бөлиниў мәнис қандай болады ҳәм қолланыў қандай болады деген сораўды келтирип шығарады. Көплеген контекстлерде тил дескриптивлик түрде өмир сүрмейди. Поэзияда ҳәм әдеп-икрамлылық тараўында тил тийкарынан истиң ҳақыйқый ҳалаты ҳаққындағы тастыйықлаўлар ушын қолланылмайды. Сол себепли бизлер эмпирикалық илимниң тилиниң талапларына сәйкес келмейтуғын эпистемиялық мәниссиз деп алып қаралған тилимиздиң бөлегин бийкарлай алмаймыз. Бизлердиң ўазыйпамыз поэзиядағы, әдеп-икрамлылық тараўыдағы ҳәм практикалық турмыстағы тилди ҳәр қыйлы қолланыўдың бойсынатуғын уникаллыққа ийе болған лингвистикалық қолланылыўын табыўдан ибарат болады.

Солай етип, ҳәр сапары тилдиң қолланылыўының фактлик контекстин анықлаўымыз тийис. Күнделикли турмысымызда контекстлер ҳәм тилди қолланыўлар анаў яки мынаў мәнисте түсинилген болады. Сол себепли

тәбийғый тилди анализлеўимиз зәрүр, реал турмысымызда қалай ол өмир сүреди, соған дыққат аўдарыўымыз тийис. Усы мәнисте аналитикалық философия тәбийғый тилдиң философиясы деп аталады. Бундай жағдайда не нәрсе мәниссиз болыўы мүмкин? Ең алды менен түсинилген тәбийғый тилди дурыс емес пайдаланыў. Аналитик философлардың пикиринше, классикалық философиялық проблемалар усындай дурыс емес қолланылыўдың нәтийжесин береди. Бул проблемалар менен шуғылланып, бизлер бир контексте түсинилип берилген сөзди басқа олар ушын сәйкес болмаған контексте пайдаланамыз. Бундай пайдаланыў шахмат ойыны менен шашка ойынын араластырып жибериў менен барабар болады. Егер де автобус күтип турған адам бизлерден автобус қашан жүреди деп сораса, бизлер оған мен ҳеш нәрсени жеткиликли дәрежеде дурыс билмеймен деп жуўап берсек, онда бизлер тилди дурыс пайдаланбаған боламыз. Бизлер тәрепимизден берилген жуўап берилген сораў бағдарында, контекстинде мәниске ийе болмайды. Билемен деген сөзди пайдаланып атырған сораў берип атырған адамның усылы  түсинилген болып есапланады. Ол автобусты күтиў контекстине сәйкес келеди. Бирақ бизлердиң бул сөзди жуўапта қолланыўымыз улыўма басқаша контексти есапқа алады, онда әдетте эпистемологиялық түсиниклер додаланады.

Стандартлық аналитикалық тезиске сай классикалық онтологиялық анықламалар нәрселердеги лингвистикалық дистинкциялардың проекциясы болып табылады. Мысалы ушын, Аристотель тийкарда таўған категориялар соңында тилдиң дистинкцияларын береди. Олар нәрселердиң қасийетлерин аңлатпайды. Субстанция ҳәм қәсийеттиң арасындағы айырмашылық грамматикалық субъект ҳәм предикат арасындағы лингвистикалық дистинкциясының нәрселердеги проекциясын ғана береди..

Солай етип, тәбийғый тил философиясы тәрепинен усындай қылып берилген сүўретлеў номинализмниң белгили бир түрин аңлатады. Усындай тил ойынларының орайлық идеясы тилди сөйлеў актлерине киргизеди, оларда лингвистикалық баянламалар, мәселе ҳәм объектлер улыўма

горизонты қәлиплестиреди, онда тил ҳам ҳақыйқыйлық арсындағы айырмашылық жоқ болып кетеди. Сол себепли бир тәрептен, бизлер тилди оның дистинкциялары менен, ал екинши тәрептен эпистемологиялық ғәрезсиз болған нәрселер менен ислесем деп айтыў надурысболады.

Аналитикалық философия тек анализлеп қоймастан, ол емлегиси де келеди. Ол тәбийғый тилдиң дурыс емес қолланылыўынан келип шығатуғын лингвистикалық былғасыққа қарсы терапияны алып барғысы келеди. Витгенштейн бул терапияны классикалық метафизикалық проблемалар ушын әҳмийетли деп тән алады. Философияны терапия деп түсиниў антиметафизикалық бағдарланўшылыққа ийе. Усы жерге шекем аналитикалық философия ҳәм логикалық эмпирицистлар арасында келисим бар еди. Бирақ аналитикалық философлар философияны терапия деп алып қарағанда, олар философия көз қарас ҳәм тезис түринде жуўап бермейди деп ойлайды. Философияны терапевтлик түсиниў оның лингвистикалық былғасықты шешетуғын искерлик екенлигин аңлатады. Бул жерде аналитикалық усыл сократлық метод пенен белгили дәрежеде жақынласады.

Терапевтлик метод ҳәр қыйлы лингвистикалық контекстлерде נениң айтылыўы, нениң айтылмаўы кереклигин көрсетеди. Бул метод белгили бир тиллик жәмәәтте жасап атырған индивид сол жәмәәттиң шеңберинде шәртли түрде түсинилген тиллик искерлик қағыйдаларының анық емес билимине ийе екенлигин көрсетеди. Бундай билимсиз тиллик жәмәәттиң болыўы мүмкин емес. Анализ ҳәм аргументацияның жәрдеминде сөз менен берилмеген лингвистикалық қолланыў қағыйдаларына көрсете отырып, философиялық лингвистикалық анализ анықсызлықты анықка айландырыўға ҳәрекет етеди. Солай етип, тәбийғый тилдиң базислик қағыйдалары жоқарғы инстанция түринде өмир сүреди: тиллик баянламалар түсинилген болады, егер олар усы қағыйдаларға сәйкес келсе.

Базислик қағыйдаларға байланыслы олар не деген сораўлар пайда болғанында кимниң дурыс екенлигин бизлер қалай шешемиз деген сораў пайда болады. Бизлер бул сораўға тек ғана анықлылық киргизе аламыз.

Мысалы ушын, тәбийғый тилде жети саны жасыл деп айтыўдың өзи биймәниликке ийе болады, өйткени ол санларға рең жазылмаған деген базислик қағыйдаға қарсы келеди. Бул гәпти айтқанда бизлер сезетуғын биймәнилик сезими анық түрде бул базислик қағыйдаға көрсетеди.

Философиялық изертлеўлеринде Витгенштейн тилди оның қолланылыўынан иштен ажыралмайтуғын сыпатында алып қарайды. Тил тиллик ойынлар бағдарында алып қаралады, түсиниледи, яғный ол тил ҳәм оның қолланылыўы бирликти аңлататуғын ҳар қыйлы конкрет лингвистикалық контекстлерде өмир сүреди. Магазиндеги бес қызыл алманы сатып алыў, қурылыс майданшасында пайда болған светтиң ушқынларының келип шығыўын түсиндирип бериў сыяқлы тиллик ойында нәрсе ҳәм тил арасындағы сыртқы байланыс болмайды. Қубылыслар тиллик ойынға киргизилгенлиги себепли бул тиллик ойынның түсиниклери арқалы қанаатландырарлы сүўретлениўи мүмкин. Өз гезегинде түсиниклер қубылыслар арқалы мәниске ийе болады, олар бул тиллик ойынға кирилген ҳалда алып қаралса.

Тиллик ойынлар көп яки аз дәрежеде бир бири менен кесилиседи, Бул кесилисиўге байланыслы олардың қағыйдалары уникаллыққа ийе болады ямаса бир неше тиллик ойынлар ушын улыўма болады. Усыған байланыслы ҳәр қыйлы тиллик ойынлардан келип шығатуғын лингвистикалық баянламалар қандай да бир улыўма мәниске ийе болыўы мүмкин ямаса шаңарақлық уқсаслықты /семейное сходство/ көреди /ҳәттеки олардың арасында анық белгили болған улыўма теңлик, барабарлық жоқ болса да/.

Витгенштейн бул жағдайды жоқары тәртиптеги тиллик ойынға бет бурмай ақ түсиндире алдым деп ойлайды. Бундай ойын өзиниң объекти сыпатында барлық тиллик ойынларды алып қараған болар еди. Ол бундай тиллик ойын идеясын, яғный күнделикли турмыстың //илимди де киргиземиз барлық тиллик ойынларын түсиниўдиң тийкарын /рамкасын/ беретуғын белгили универсаллық тиллик ойынды бийкарлайды, қапталға сүрип қояды. Бул Витгенштейнниң белгили мәнисте өзиниң лингвистикалық

арбитр болыўдан бас тартып атырғанлығын көрсетеди. Бирақ бундай көз қарас айтыслы болса керек.

## Қадағалаў ушын сораўлар:

1. Аналитикалық философия дегенимиз не?

2. Аналитикалық философияның қандай бағдарлары бар?

3. Б.Расселдиң «Что такое философия?» атлы мийнетинде философияның образы қалай түсиндирилген??

E. Илим ҳәм философияның арасындағы айырмашылық неде?

F. Б.Рассел философияның келешегин неде көреди?

G. Заманагөй жәмийетте философияның баҳалығы неде?

H. Б.Рассел логикалық атомист деген терминниң мәнисин қалай түсиндиреди?

4. Философия тилдиң механизмлерин ҳәм оның мазмунлық мәнислерин анықлаў сыпатында дегенимиз не?

5. Витгенштейнниң «Философиялық изертлеўлер» атлы мийнетинде қандай мәселелер көтериледи?

6. Витгенштейн «тиллик ойынлар» дегенде нени түсинеди?

7. Билиўде «анық емес түсиниклердиң» роли қандай?

8. Витгенштейн философияның қандай өзгешеликлерин бөлип көрсетеди?

## 2-ТЕМА: ЛОГИКАЛЫҚ АНАЛИЗ ҲӘМ ОНЫҢ СТРУКТУРАСЫ

**РЕЖЕ:**

1. *Логикалық анализ түсиниги*
2. *Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары*

**Таяныш сөзлер:** *логикалық анализ, аргументлестириў, дәлил, тезис, структура, бийкарға шығарыў, сын.*

### 2.1. Логикалық анализ түсиниги

Логикалық анализ – философиялық ҳәм методологиялық проблемаларды шешиўде ҳәм додалаўда, тил баянламаларын формалластырыў ҳәм анықлылық киргизиў ушын математикалық логика қуралларынан пайдаланыўды аңлатады. Проблеманы формалласқәна тилде көрсетиў оған дәлликти ҳәм белгили анықлылықты береди, ол айрым ўақытлары оның шешимин табыўды жеңиллестириўге тәсирин тийгизеди. Бирақ проблеманың формаллық жақтан сәўлелениўи ҳәмме ўақытта оны мазмунлық түсиниўге адекват бола бермейди. Сондай ўақытлары бизлер бул баянламаны жақсылаўға умтыламыз, оны адекват қылыўға ҳәрекет етемиз. Бир ўақыттың өзинде анализленип атырылған проблеманың мазмунын тереңнен өзлестириў иске асырылады. Мысалы ушын, А.Тарский шынлық түсинигиниң дәл формаллық анықламасын қурған ўақтында, ол шынлық түсинигин гәплерге қолланады. Бул оған шынлық түсинигин бизлер гәплерге ме ямаса пикирлерге ме – тийисли қарап атырғанымыз ҳаққында сораўды қойыўға имканият береди. Бул сораўды додалаў пикир ҳәм гәплердиң тәбиятын терең түсиниў мүмкиншилигин жаратады, анығырақ шынлық түсинигиниң мәнисин түсиниўди береди.

Логикалық анализ методын и жоқарыда айтып өткенимиздей Г.Фреге ҳәм Б.Рассел өзлериниң мийнетлеринде қәрап өткен. Бирақ өзиниң кең қолланылыўын логикалық позитивизм ўәкиллериниң шығармаларында тапқан. Олар философияның тийкарғы мәселесин илим тилиниң логикалық анализи деп алып қараған. Ҳәзирги ўақытта логикалық анализ методы философиялық ҳәм логикалық изертлеўлердиң ҳәр қыйлы басқышларында қолланады: проблемаларды дәл қойыў ушын, ҳәр қыйлы конкуренцияға түсетуғын концепцияларды салыстырыў ушын, оларды системалық баянлаў ушын пайдаланады.

Логикалық анализ - формаллық логика қураллары жәрдеминде иске асырылатуғын пикирлеўлердиң логикалық формаларына /қурылысы, структурасы/ анықлылық киргизиўди аңлатады. Логикалық анализ пикирлеўлерге де /логикалық жуўмақларға, дәлиллерге, ой жуўмағына ҳ.б./ ҳәм олардың қурам бөleклерине /түсиниклерге, терминлерге, гәплерге/ де, билимниң дара тараўларына да тийисли. Логикалық анализдиң раўажланған формасын формал системаларды қурыў береди. Логикалық анализ заманагөй илимниң әҳмийетли билиўлик қуралларының бирин береди, оның әҳмийети математикалық логиканың, математикалық лингвистиканың, кибернетиканың, семиотиканың раўажланыўы менен артып отырады. Енди бизлер логикалық анализди аргументлестириў мысалында түсиндириўге ҳәрекет етемиз.

## 2.2. Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары

a. **Аргументлестириў процесси, оның дүзилиси (структурасы) ҳәм тийкарғы түрлери**

b. **Дәлил түсиниги ҳәм оның дүзилиси**

c. **Сын ҳәм бийкарға шығарыў, олардың тийкарғы усыллары**

d. **Аргументацияға қойылатуғын қәделер ҳәм қәтешиликлер**

Илимде билиўдиң мақсети объективлик, дәлилленген, шын билимлерди алыўға бағдарланған болады. Бул билимлердиң тийкарында адамлар қоршаған орталыққа оны өзгертиў, қайта өзгертиў ушын тәсир етеди. Объективлик шынлыққа ерисиў – нызам органларының да тийкарғы мақсети ретинде алып қаралады.

Абстрактлик ойлаў басқышында билиў процессии алынған мағлыўматларды бурын бар болған мағлыўматлар менен салыстырыўдың жәрдеминде тексереди. Билимди тексериў процедурасы тиккелей характерге ийе емес, себеби пикирлердиң шынлығы фактлерге тиккелей қатнас жасаўдың жәрдеминде емес, ал логикалық усылдың, яғный басқа пикирлердиң жәрдеминде иске асырылады.

Егерде илимий билиўдеги жаңадан алынғанн әтийжелер шынлық дәрежесине жетиссе, илимниң эмпирикалық ҳәм теориялық фундаментине киргизилсе, онда олар логикалық тексериўди өтиў тийкарында дәлилленген болып табылады. Мысалы, юридика илиминде суд шешими ҳәр тәреплеме ҳәм объективлик дәлилленген болса, онда ол ҳуқықый характерге ийе болады.

**Аргументлестириў** дегенимиз фактлердиң, эмпирикалық, теориялық улыўмаластырылған пикирлердиң ямаса белгили бир тезистиң ҳәр тәреплеме дәлиллениўин, негизлениўин аңлатады. Басқаша айтқанда, аргументлестириў деп қандайда бир пикирдиң (тастыйықлаўдың) басқа пикирлердиң жәрдеминде толық ямаса толық емес (частичное) түрде дәлиллениўине айтылады. Сол себепли аргументлестириў пикирлерди дәлиллеўдиң бир усылы сыпатында алып қаралады. Пикирлердиң дәлиллениўи ҳақыйқатлыққа тиккелей қатнас жасаў жәрдеминде (бақлаў, эксперимент ҳәм басқада практикалық искерликтиң түрлери арқалы) ҳәм бизге белгили болған аргументлердиң, логика усылларының жәрдеминде иске асырылыўы мүмкин (булл жерде де биз ҳақыйқатлыққа белгили бир қатнасты сәўлелендиремиз,

бирақ булл қатнас тиккелей емес характерге ийе ҳәм ол логика курсында аргументлестириў деген атама менен белгили).

Аргументлестириўдиң тийкарғы уазыйпасы ретинде қандайда бир тастыйықлаўдың (пикирдиң) шынлығына инандырыўды искеа сырыў алып қаралады. Инандырыў – булл шынлыққа болған толық исенимди береди. Инандырыў тек ғана аргументлестириўдиң ямаса практикалық искерликтиң тийкарында қәлиплеспейди, ал ол исеним (вера) тийкарында көндириў жолы менен де иске асырылады. Усыған байланыслы инандырыўды қәлиплестириўдиң тийкарғы еки түрин – дәлиллеў жолы менен инандырыўды ҳәм исеним, көндириў тийкарында пайда болатуғын инандырыўды алып қараўға болады. Өз гезегинде дәлиллеў жолы менен иске асырылатуғын инандырыўды тағыда еки түрге бөлиўге болады. Оларға ҳақыйқатлыққа тиккелей қатнас тийкарындағы дәлиллеў ҳәм аргументлестириў тийкарындағы дәлиллеў киреди.




Аргументлестириў қандай да бир тастыйықлаўдың (пикирдиң, болжаўдың, концепцияның ҳәм т.б.) шын болыўына басқа тастыйықлаўларды қолланыў жәрдеминде исенимди қәлиплестириў процессин аңлатады ҳәм оның структурасы өз-ара байланысқан үш элементтен: тезис, аргументлер ямаса тийкарлар ҳәм демонстрациядан турады. Аргументлестириўдиң бул струтурасын төмендегише схемада бериўге болады:




Бул схемада тезис (Т) ретинде дәлиллеўди талап ететуғын пикир алып қаралады. Тезисти дәлиллеў ушын қолланылатуғын басланғыш (дәслепки) теориялық ҳәм фактлик тастыйықлаўлар аргументлерди береди ҳәм олар схемада ($a_1$, $a_2$..an) түринде берилген. Демонстрация аргументлер ҳәм тезис арасындағы логикалық байланысты береди ҳәм ол схемада $\rightarrow$ - стрелка түринде берилип, дедукция, индукция, аналогия жәрдеминде иске асырылыўы мүмкин. Басқаша сөз менен айтқанда демонстрация дегенимиз тийкар хызметин атқаратуғын қабыл етилген аргументлерден тезистиң логикалық жақтан келип шығыўын көрсетеди, яғный тезистиң тийкардың логикалық нәтийжеси ретинде алып қаралыўын тәмийинлейди: ($a_1$, $a_2$..an) $\rightarrow$ T.

## Аргументлестириўдиң түрлери

Тезисти дәлиллеў усылына қарай аргументлестириўдиң еки түрин бөлип көрсетиўге болады. Биринши түри **туўры аргументлестириў**деп аталады ҳәм онда пикирлеў аргументлерден тезиске қарай бағдарланады. Мысалы, туўры дәлиллеўде тезис дедуктив түринде аргументлерден логиканың қағыйдаларына бойсынған ҳалда келтирилип шығарылады. Туўры дәлил қандай да бир жеке жағдайды улыўма дәрежеге ийкемлестириў (подведение) ушын қолланылады.

Аргументлестириўдиң екинши түри **қыя аргументлестириў**деп аталады ҳәм онда тезис өзине қарсы болған антитезисти қолланыўдың жәрдеминде дәлилленеди. Басқаша айтқанда, қандай да бир пикирди (тезисти) дәлиллеў керек. Оның ушын сол тезисти бийкарлайтуғын тастыйықлаўды (антитезисти) қабыл етемиз. Бар болған аргументлерден ҳәм антитезистен (дедуктивлик ҳәм индуктивлик жолы менен) қарсылық келтирилип шығарылады. Усының нәтийжесинде тезистиң дәлилленгенлиги ҳаққында жуўмақ шығарылады. Бул келтирилген **қыя аргументлестириўдиң** түри қарсылықтан аргументлестириў яки **апагогикалық** деп аталады. **Апагогикалық қыя аргументлестириўде** тезистиң шын болыўы оған қарсы қолланылатуғын антитезистиң жалғанлығын дәлиллеў менен түсиндириледи. Бул дәлиллеў төмендегише избе-изликте дүзиледи:

- берилген тезиске қарсы шәртли түрде шын ретинде қабылланған шама (антитезис) алып қаралады. Яғный биринши этапта тезиске (Т) қарсы шәртли түрде шын ретинде белгиленген антитезис (Д) алып қаралады.

- қабыл алынған антитезистен (Д) логикалық жақтан дәлилленген нәтийжелер алынады. $Д \rightarrow C_1, C_2 .. Cn$.

- фактлер менен сәйкесликте анализленгенде нәтийжелердиң (биреўиниң, айрымларының ямаса ҳәммесиниң) жалғанлығы ҳаққында жуўмақ алынады: $C_1$ фактке сәйкес келмейди ($C_1 \neq f1$), $C_2$ фактке сәйкес келмейди ($C_2 \neq f2$), усыған байланыслы $C_1$ шын емес, $C_2$ шын емес.

- нәтийжелердиң жалғанлығынан антитезистиңде жалғанлығы дәлилленеди.

- алынған антитезистиң (Д) жалғанлығынан тезистиң (Т) шын болыўы ямаса шынлыққа жақын болыўы дәлилленеди.

Өз гезегинде қыя аргументлестириўдиң екинши түрин - **бөлиўши (алшақласқан) дәлил** усылын бөлип көрсетиўге болады.

Бөлистириўши дәлил усылы деп дизъюнкция ағзасы ретинде алып қаралатуғын тезистиң басқа барлық альтернатив жағдайлардың жалғанлығын анықлаў жолы менен қыя дәлиллениўине айтылады. Дәлил төмендегише избе-изликте алып барылады:

Биринշиден, дизъюнкция ағзалары анықланады (T, p, ..).

Екиншиден, аргументлердиң жәрдеминде дизъюнкцияның барлық ағзаларының (T дан басқа) жалғанлығы дәлилленеди (p ның жалғанлығы, q диң жалғанлығы).

Үшиншиден, дизъюнкция ағзаларының жалған болыў тийкарында тезистиң шын болыўы дәлилленеди.

**Дәлил түсиниги ҳәм оның дүзилиси**

Аргументлестириўдиң дара жағдайы ретинде **дәлилди** алып қараўға болады. Дәлил деп шынлығы белгили болған пикирлердиң жәрдеминде қандай да бир пикирдиң шынлығын анықлайтуғын логикалық операцияға айтамыз. Солай етип, дәлил аргументлер ретинде шынлығы анықланған тастыйықлаўларды алып қарайтуғын аргументлестириўди береди. Дәлил формасы ретинде демонстративлик пикир алып қаралады. Демонстративлик пикирлерге дедуктивлик ой-жуўмағы, индукцияның ҳәм аналогияның айрым түрлери киреди.

Солай етип, пикирлердиң шынлығын логикалық жақтан ҳәр тәреплеме негизлеў дәлиллеў теориясы тәрепинен изертлениледи.

Дәлиллеў түсинигин илимий ойлаўдың синоними ретинде де алып қарайды. Илимдеги жаңа пикирлер, идеялар исенимге (вера) тийкарланбаўы

керек, ал олар избе-из, қатаң түрде дәлиллениўди талап етеди. Сол себепли дәлиллеў уқыплылығы ҳәр қандай илимий ойлаўдың характерлик белгисин береди. Ҳәр қандай пикирлеў процессинде ол адамлардың ишки инаныў қуралына айланып, илимий исенимди қәлиплестириўдиң логикалық тийкарын пайда етеди. Егерде инандырыў илимге тийкарланған болса, онда инсан саналы түрде теориялық ҳәм практикалық мәселелерди шеше алады.

## Дәлил структурасы

Логика пәни ойлаўдың конкрет мазмунынан ғәрезсиз түрде дәлиллеў операциясын изертлейди.

Мазмунлық ҳәм дүзимлик айырмашылықларына қарамастан, ҳәр қыйлы дәлиллеў операциясы белгили бир объективлик нәтийже алыўға бағдарланады.

**Дәлил түсиниги өз-ара байланысқан үш элементтен турады: тезис, аргумент (тийкар, дәлил) ҳәм демонстрациядан**. Тезис деп-аргументлестириў процессинде шынлығын дәлиллеў керек болған пикирге айтылады ҳәм ол "Нени дәлиллеў керек?" деген сораўға жуўап берип, дәлиллеўдиң ең тийкарғы элементи болып табылады. Тезис ретинде илимниң теориялық дәрежелери алып қаралады. Тезис конкрет тарийхый факттиң барлығын дәлиллейтуғын пикир. Мысалы ушын, юридикалық илимде жынаяттың белгили тәреплерин сүўретлеўши пикирлер ретинде жынаятшылық ҳаққында мағлыўмат, жынаяттың мақсети ҳәм т.б. алып қаралады.

Аргументлер деп тезисти дәлиллеўши берилген (дәслепки) фактлик ҳәм теориялық жағдайларға айтылады ҳәм ол "Нениң жәрдеминде тезис дәлилленеди?" деген сораўға жуўап береди.

Аргументлер, *биринширден,* **теориялық** ҳәм **эмпирикалық** жуўмақлар болыўы мүмкин. Мысалы, айыпланыўшының қолының бармақларының

излериниң жынаят болған жердеги қолдың бармақларының излери менен сәйкес келиўи ҳаққындағы экспертизалық шешим, қолдың бармақларының излериниң ҳәр қыйлы адамларда индивидуал характерге ийе болатуғынлығын дәлиллеўши эмпирикалық мағлыўматқа тийкарланған ҳалда, оның (яғный, айыпланыўшының) жынаят жүз берген жерде болғанлығынан дерек береди. Буларға қосымша, аргументлер ретинде улыўма ҳуқықый қағыйдалар, ҳуқықый нормалар ҳәм т.б. алып қаралады.

*Екиншиден,* **аргументлер ретинде дәлийллеўди талап етпейтуғын улыўма жағдайлар, яғный аксиомалар алып қаралады**. Мысалы, бир адамның бирдей ўақытта еки жерде болыў уқыплылығына ийе болмаўы бул адамның жынаятқа тиккелей қатнаспағанынан дерек береди (алиби). Аксиомалар аргументлер ретинде төмендеги логикалық қағыйдаларға жуўап бериўи шәрт:

-таңланған аксиомалар қарама қарсылыққа ийе болмаўы тийис;

-аксиомалардың толықлығы яғный олардың жәрдеминде берилген тараўдағы ең тийкарғы әҳмийетли жағдайлар дәлийллениўи тийис.

-аксиомалардың ғәрезсизлиги яғный олар логикалық жақтан басқа аксиомалардан келип шықпаўы тийис.

*Үшиншиден*, **аргумент ретинде фактлер ҳаққындағы тастыйықлаўлар алып қаралады.** Фактлер жеке ўақыялар қубылыслар болыўы мүмкин. Яғный фактлер ҳаққындағы пикирлерде жеке қубылыс ўақыялар ҳаққындағы инфорация бериледи. Олар ушын белгили ўақыт, орын ҳәм жасаўдың конкрет жағдайлары характерли. Мысалы, суд процессинде болған ўақыя сол ўақыя излери менен қайта тикленеди. (Ўақыя болған жерде адамлардың санасында қалған пикирлер менен)

Дәлилдиң үшинши элементи ретинде демонстрация, яғный тезис ҳәм аргументлер арасындағы логикалық байланыс алып қаралады. Олар арасындағы логикалық байланыс шәртли ғәрезлиликтиң бир формасы. Солай етип, аргументлер дәлиллеўдиң тийкарын, ал тезис олардың логикалық нәтийжесин береди. Аргуметлерден тезиске логикалық өтиў ой-жуўмағы түринде болады. Дәлиллеўде жуўмақтан тийкарларға өтиледи, жуўмақтың тийкарлары қайта тикленеди.

Тезисти дәлиллеўдиң тийкарғы формалары ретинде дедуктивлик, индуктивлик ҳәм аналогия бойынша ой-жуўмақлары алып қаралады.

Дедуктивлик дәлиллеўде дара (частное) жағдайды улыўма қағыйдаға сәйкес келтириў нәзерде тутылады. Индуктивлик дәлиллеўде белгили текке тийисли дара жағдайлар ҳаққындағы информацияны сәўлелендиретуғын аргументлерден тезиске логикалық өтиў есапқа алынады. Аналогия бойынша дәлиллеўде жеке қубылыслардың қәсийети итибарға алынады. Яғный, берилген жеке қубылыстың қәсийетин сәўлелендириўши тезис оған уқсас болған басқа жеке қубылыстың ең тийкарғы белгилери ҳаққындағы мағлыўматқа ийе аргументлер жәрдеминде дәлилленеди

## Критика (сын) ҳәм бийкарға шығарыў, олардың тийкарғы усыллары

Егерде аргументлестириўдиң тийкарғы мақсети қандай да бир тастыйықлаўдың шын екенлигине толық ямаса толық емес (частичное) исенимди пайда етиў болса, онда критиканың ең тийкарғы мақсети ретинде қандай да бир тастыйықлаўдың дәлилленгенлигине исендирмеў, оның жалғанлығына инандырыў алып қаралады. Критиканың еки усылын бөлип көрсетиўге болады. Оларға аргументлестриўди критикалаў ҳәм тастыйықлаўдың жалғанлығын ямаса оның шынлығының жеткиликли емес екенлигин анықлаў киреди. Екинши усылында критикалаўды талап ететуғын

жағдайды тезис деп алып қараўға болады. Критиканың екинши усылының дара жағдайы ретинде бийкарға шығарыў алып қаралады.

**Бийкарға шығарыў**деп дәлилленген жағдайларды ҳәм логикалық усылларды қолланыў жәрдеминде қандайда бир пикирдиң жалғанлығын анықлайтуғын логикалық операцияға айтылады. Бул жерде дәлилленген жағдайлар бийкарға шығарыўдың аргументлери деп аталады.

Бийкарға шығарыў процесси барысында бир мәселе бойынша ҳәр қыйлы шешимлер берилиўи мүмкин ҳәм бул процесске қатнасыўшы адамлардың пикир алысыўы **дискуссия** характерине ийе болады. Яғный дискуссия деп коммуникацияның ең әҳ мийетли формаларының бирине, тартыслы проблемаларды шешиў методына ҳәм билиўдиң өзгеше усылына айтылады. Оның мақсети ретинде дискуссияға қатнасыўшылар арасында тартысты пайда еткен тезис ҳаққында олардың белгили дәрежеде келисимге ерисиўи (спор ради истины) алып қаралады. Дискуссияға қатнасыўшылардың белгили бир тезисти алға сүрип, оның шын екенлигин дәлийллеўшилерин пропонент деп, ал оларға қарсы турыўшы тәрепти оппонент деп атайды.

Дискуссиядан парықланатуғын тартыстың екинши түри **полемика** деп аталып, оның тийкарғы мақсети ретинде келисимге ерисиў емес, ал қарсы тәрептиң үстинен жеңиске ерисиў, өзиниң көз қарасын беккемлеў (спор ради победы) алып қаралады. Полемикада алға сүрилген тезислерди өз-ара критикалық жақтан анализлеў дыққатқа алынады. Сол себепли полемикада қарсы тәреп дискуссиядағыдай оппонент деп айтылмайды, ал ол қарсы жақ, бәслес деп аталады. Полемикаға еки Адам қатнасып ҳәм ол тыңлаўшылар алдында болып өтсе, оны диспут деп атаймыз. Егерде шынлық ушын бәсекини диалектикалық бәсеки деп белгилесек, онда полемиканы яғный утыс ушын бәсекини эристикалық (грек сөзи, қаслық, бәсекилесиўши) деп атаў қабыл етилген. Эристикалық бәсекилерде тәсил (ҳийле) усылы кеңнен қолланылады. Ол бәсекиниң бир тәрепи ушын тартысты жеңиллетиретуғын,

ал екинши тәрепи ушын қыйынластыратуғын усылды аңлатады. Бунда ҳийлелерди қолланыўға болмайды. Бирақ олардың барлығын анықлаўымыз ушын олар ҳаққында билимге ийе болыўымыз керек. буған қосымша айтысты бир тәрепи ушын жеңиллетиўши, бирақ екинши тәреп ушын қыйынластырмайтуғын бәсекиде қолланыўға болатуғын кең таралған усыллар бар. Оларға «қарсылық көрсетиўди кейинге қалдырыў, созыў» ҳәм «тезисти жасырыў» киреди.

Бәсекиде қолланылатуғын ҳийлелер логикалық қәтешиликлерге тийкарланады. Бундай қәтелер көпшилик жағдайда билқастан иске асырылады. Билқастан жиберилетуғын қә телерди софизмлер (софизм сөзи әййемги грек тилинен алынып, «түсиниксиз ҳийле, қыялый нәрсе» дегенди аңлатады), ал оларды қолланылатуғын адамларды софистлер деп атаймыз.

Әййемги Грецияда софистлер хақы алып бәсекиде айтыстың не ҳаққында болыўынан ғәрезсиз  түрде шәкиртлерин утысқа ерисиў искусствосына үйрететуғын болған. Олар ҳәлсиз аргументти күшли аргументке, ал қарсыластың күшли аргументин ҳәлсиз аргументке айландырыў искусствосына оқытқан. Усындай устазлардың бири ретинде Протагорды алып краўға болады. Мысал ретинде Эватлдың белгили софизмин келтирип өтейик. Эватл Протагорды бәсеки жүргизиў искусствосына оқыған. Устаз ҳәм шәкирт арасындағы келисим бойынша Эватл өзиниң биринши рет утысқа ерискен суд процессинен кейин Протагорға оқытқаны ушын ҳақы төлеўи тийис еди. Бир жыл ишинде Эватл суд процесслерине қатнаспайды. Шыдамы таўсылған Протагор Эватлдан ҳақысын талап етеди, бирақ Эватл төлеўден бас тартады. Сонда Протагор оған «егер сен ҳақымды төлемесең, онда мен судқа хабарласаман, ешерде суд саған ҳақы төлеўиң керек деп шешим шығарса, онда сен суд шешими менен маған ҳақы төлейсең, егерде суд «төлемейсең» деп шешим қабыл етсе, онда сен өзиңниң биринши процессинди утқан боласаң ҳәм оқыўың ушын келисим бойынша төлейсең» дейди. Эватл бәсеки жүргизиў искусствосын

билгенлиги себепли ол Протагорға «Муғаллим, сен қәтелестиң, егерде суд «төлемейсең» деген шешимди қабылласа, онда мен суд шешими бойынша төлемеймен, егерде «төлеўиң керек» деген шешимди қабылласа, онда мен процессте утылған боламан, ҳәм келисим бойынша төлемеймен» деп қарсы пикир билдиреди. Кимниң пикири дурыс? Айрым жағдайларда екеўиниң де пикирлеўи дурыс деп тән алынады. Бирақ бул жерде софизмде кеңнен қолланылатуғын усыл- тезистиң анық емес түрде берилиўи алып қаралған. Эватлдың софизминде «биринши утысқа ерискен процесс» деген баянлама анықлыққа ийе емес. Егер де жуўапкер сыпатында қатнасып атырған Эватлдың биринши утысқа ерискен процесси есапқа алынса, онда суд «төлемейсең» деген шешим қабыл етсе де Эватл оқыўы ушын ҳақы төлеўи тийис.

Солай етип, дискуссия, полемика жүргизиў искусствосы адамды тек ғана дәлиллеў логикасы менен қураллandырып қоймай, ал ол бийкарға шығарыўдың рационаллық усыллары менен де қураллandырады.

**Бийкарға шығарыў** логикалық операциясы бурын қабылланған дәлилди бузыўға бағдарланғанлығы себепли, оны критикалық анализдиң мақсетине қарай үш усылда: тезисти критикалаў, аргументлерди критикалаў ҳәм демонстрацияны критикалаў түринде жүргизиўге болады.

Тезисти бийкарға шығарыўдың (критикалаў) тийкарғы мақсети ретинде тезистиң қәтелигин, жалғанлығын көрсетиў алып қаралады ҳәм ол еки: **туўры ҳәм қыя түрлерде** иске асырылады. Туўры бийкарға шығарыў тезистен келип шығатуғын нәтийжелердиң жалғанлығын көрсетиў жолы менен иске асырылады ҳәм төмендегише схемада көрсетиледи:




а) шәртли түрде тезистиң шынлығы (Т) қабылланады;

б) тезистен (Т) нәтийжелер ($C_1$ .. Cn) алынады;

в) нәтийжелер фактлер менен салыстырылып, олардың жалғанлығы дәлилленеди;

г) нәтийжелердиң надурыслығынан тезистиң надурыслығы келип шығады;

Тезисти қыя бийкарға шығарыў антитезистиң шынлығын дәлиллеў тийкарында иске асырылады:

а) берилген тезиске (Т) қарсы антитезис (А) қолланылады;




б) антитезистиң шынлығы дәлилленеди (А) :

В) антитезистиң шынлығынан тезистиң жалғанлығы келип шығады.

Аргументлерди бийкарға шығарыў аргументлестириўдиң тийкарларының надурыслығын көрсетиў жәрдеминде алып барылады. Аргументлерди бийкарға шығарыў да тезисти бийкарға шығарыў усылында

иске асырылады. Егерде аргументлердиң жалғанлығы көрсетилсе, онда тезис дәлилленбеген болып саналады.

Демонстрацияны бийкарға шығарыў аргументлер менен тезис арасындағы логикалық байланыстың жоқлығын дәлиллеў жәрдеминде көрсетиледи ҳәм усыған тийкарланған ҳалда тезистиң шынлығының дәлиллениўи бийкарланады.

**Аргументлестириўге қойылатуғын қәделер ҳәм қәтешиликлер**:

Аргументлестириўдиң тийкарғы элементлери болған - тезис, аргументлер ҳәм демонстрация - логиканың қағыйдаларына бойсыныўы тийис. Егерде бул қағыйдалар бузылса, онда аргументлестириў процессинде қәтешиликлер жүз береди. Логикалық қәтешиликлер алдан ойланбаған (паралогизмлер) ҳәм алдан ойланған (софизмлер) түринде болыўы мүмкин. Дәлил ҳәм бийкарға шығарыўға қойылатуғын қәде ҳәи қәтешиликлерди төмендеги таблицада көрсетиўге болады:

**Тезиске қатнастағы қәделер ҳәм қәтешиликлер**:

| Қәделер | Қәтешиликлер |
|---|---|
| 1. Тезис анық ҳәм дәл түрде берилиўи керек.<br><br>2. Тезис ҳәмме ўақытта өзине тең қалыўы керек (неизменность тезиса) | 1.1. Анық ҳәм дәл емес тезистиң қойылыўы менен байланыслы.<br><br>2.1. Тезисти жоғалтып қойыў.<br><br>2.2. Тезисти толығы менен алмастырыў:<br><br>А) қойылған тезистиң орнына басқа тезисти дәлиллеў.<br><br>Б)инсанға аргумент (аргумент к личности) - қарсыласқа оны күлкили |

| | |
|---|---|
| | дәрежеде көрсетиўши реаль ямаса өтирик кемшиликлер қыстырылады ҳәм оның пикирлеўине исеним жоғалтылады ҳәм т.б.<br><br>В)логикалық диверсия - алға сүрилген тезисти дәлиллеў мүмкиншилигиниң жоқ екенлигин сезип, шығып сөйлеўши тыңлаўшылардың дыққатын берилген тезис менен туўры байланысқа ийе емес басқа мәселени тастыйықлаўға аўдарады.<br><br>2.3. Тезисти айырым (частично) түрде алмастырыў - пропонент өзиниң қабыл алған тезисиниң дәслепки улыўма алынған мазмунын дәлиллеў процесси барысында оны тарайтыў тийкарында өзгертеди. |

**Аргументлерге тийисли қәделер ҳәм қәтешиликлер**:

| Қәделер | Қәтешиликлер |
|---|---|
| 1. Аргументлер шын ҳәм дәлилленген болыўы тийис<br><br>2. Аргументлер тезистен ғәрезсиз түрде дәлилleниўи тийис.<br><br>3. Аргументлер бир бирине қарсы болмаўы тийис.<br><br>4. Берилген тезис ушын аргументлер жеткиликли болыўы тийис. | 1.1. "Тийкарғы қәтелесиў" (шын ретинде жалған аргументти қабыл алыў).<br><br>1.2. "Тийкардың алдын алыў".<br><br>2.1. "Дәлиллеўдеги айланбалық".<br><br>2.2. Аргумент менен тезистиң барабарлығы (бирдейлиги).<br><br>3.1. Бир бирине қарсы болған аргументлерди усыныў.<br><br>4.1. "Асығыс (қыстаўлы) түрде берилген дәлил".<br><br>4.2. Шектен тыс (чрезмерное) |

| | |
|---|---|
| | дәлиллеў. |

**Демонстрацияға тийисли қәделер ҳәм қәтешиликлер:**

| Қәделер | Қәтешиликлер |
|---|---|
| 1. Дәлил ямаса бийкарға шығарыў ой жуўмағының түрине тийисли қағыйдалар тийкарында дүзилиўи тийис. | 1.1.Тийисли ой-жуўмағының түриниң қағыйдаларының бузылыўы тийкарында жалған ямаса шынға сәйкес тезистиң алыныўы.<br><br>1.2. Жалған нәтийже, аргументлер ҳәм тезистиң арасында байланыстың болмаўы. Яғный: а) Тар тараўдан кең тараўға негизсиз, дәлилсиз логикалық өтиў, б) шәртли түрде айтылғаннан шәртсиз түрде айтыўға өтиў, в) белгили бир қатнаста айтылғаннан ҳәш нәрсеге қатнассыз түрде айтылғанға өтиў, г) күшке аргумент - қандай да бир мәжбүрлеў усылларын тиккелей қолланыў ямаса зорлық көрсетиў қәўпин туўғызыў, д) наданлыққа аргумент (аргумент к невежеству) - бийхабарлыққа тийкарланыў ямаса қатнасыўшылардың ҳеш қайсысы тексере алмайтуғын фактлерди қолланыў, е) туўры мәниге аргумент, ж) авторитетке аргумент- қарсылас қарсы шыға алмайтуғын адамлардың атларына, олардың идеяларына нәзерди аўдарыў. |

Солай етип, тезиске, демонстрацияға ҳәм аргументлерге тийисли болган қәделерге бойсыныў пикирлердиң дәлилленгенлигин тәмийнлейди, ал өз гезегинде билимниң барлық тараўларында қолланылатуғын аргументлестириў процессиниң тийкаргы факторы сыпатында алып қаралады.

**Қадағалаў ушын сораўлар:**

1. Логикалық анализге түсиндирме бериң.
2. Тастыйықлаўларды дәлиллеў қандай усыллары бар?
3. Аргументацияның ҳәм сынның дүзилиси ҳәм түрлерин атап көрсетиң.
4. Аргументлестириў билиў процесси сыпатында қандай белгилерге ийе?.
5. Тезиске қатнасы бойынша аргументациның ҳәм сынның қандай қәделери бар?.
6. Аргументлерге қатнасы бойынша қәделерди атап көрсетиң.
7. Дискуссияның өтиўин қалай шөлкемлестириў керек?

# 3-ТЕМА: АНАЛИТИКАЛЫҚ ФИЛОСОФИЯНЫҢ ФУНКЦИОНАЛ СЫПАТЛАМАСЫ

**РЕЖЕ:**

*1. Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны*

*2. Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги*

**Таяныш сөзлер:** *анализ, түр, логика, белги, ат, предметлик мәнис, мазмунлық мәнис, логикалық байланыс, субъект, предикат, логикалық термин, дескриптивлик термин, гәп.*

## 3.1. Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны.

Анализ  грек тилинен алынып бөлеклеў дегенди аңлатады.  Ойлаў дәрежесинде изертленилип атырылған объектти қурам бөлеклерге бөлиўди, олардың жеке қәсийетлерин, қатнасықларын үйрениў мақсетинде изертлеўди аңлтады. Билиўдиң логикалық усылын береди, онда предметти ойлаў дәрежесинде бөлеклерге, элементлерге ямаса белгилерге бөлемиз, оларды әҳмийетли қасийетлерди яки белгилерди анықлаў мақсетинде салыстырамыз, избе-из үйренемиз.  Анализ актин анализлеў деп атаймыз, ал анализ өткериў усылын – аналитикалық метод деп айтамыз. Элементарлық анализ қубылысты оның қатнасықларын есапқа алмай бөлеклерге бөлеклейди. Себепли анализ қубылысты оның себепли қатнасықларын есапқа алып дифференциациялайды. Логикалық анализ оны логикалық қатнасықлардан ғәрезли бөлеклейди. Феноменологиялық анализ сананың тийкарын үйрениў ушын қубылыста сананың мазмунын бөлип көрсетеди. Психологиялық анализ сананың мазмунын  оның элементлерине бөледи. Анализде қәлеген берилген предмет оның басқа предметлер менен тәбийғый байланысының бузылыўы нәтийжесинде өзиниң болмысын өзгертетуғынлығын есапқа алыўымыз шәрт. Биринши реет аналитикалық метод атомистлик

философияда қолланылады. Левкипп ҳәм Демокрит барлық нәрселерди майда бөлекшелер – атомлардың жыйнағы сыпатында алып қарайды. Анализ билиўдиң улыўма илимий методы сыпатында алып қаралады, билимниң барлық тараўларында кеңнен пайдаланылады. Математикалық анализ Ньютон, Лейбниц, Эйлер мийнетлеринде қолланылады. Илимий анализдиң ҳәр қыйлы түрлери бар: системалық анализ – пүтинди элементлердиң жыйнағы сыпатында алып қарайды, структуралық анализ – системаның элементлери арсындағы қатнасықларды бөлип көрсетиў, классификация – көпликти классларға, түрлерге бөлиў, формаллық-логикалық анализ – түсиниклер, пикирлер, ой жуўмағы, тилдиң структурасын үйрениўди аңлатады.

## 3.2. Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги

Логика сөзи әййемги грек тилинен алынып, "логос" термини "түсиник", "ақыл", "пикирлеў" дегенди аңлатады. Ҳәзирги ўақытлары булл термин төмендеги тийкарғы мәнилерде қолланылады.

*Биринширден*, бул термин менен объектив дүньяның нәрселери ҳәм қубылысларының өзгериў, раўажланыў нызамлықларын белгилейди ҳәм оны объектив логика деп атайды. *Екиншиден*, логика түсинигин ой-пикирлердиң байланысының ҳәм раўажланыўының өзгеше нызамлықларын белгилеў ушын қолланады ҳәм булл нызамлықларды объектив нызамлықларды сәўлелендириўши субъектив логика деп атайды.

*Үшиншиден*, "логика" ой-пикирлердеги байланыс ҳәм раўажланыў нызамлықлары ҳаққындағы илим мәнисинде қолланылады ҳәм ойлаў ҳаққындағы илимди аңлатады. Ойлаўды басқа пәнлерде (мысалы, психология, жоқары нерв искерлигиниң физиологиясы ҳәм т.б.) изертлейди. Усыған байланыслы ойлаўда логиканың изертлеў предмети ретинде не алынып қаралады деген сораў пайда болады. Бул сораўға жуўап бериўимиз ушын, биринши гезекте бизлер ойлаў жәрдеминде дүньяны сәўлелендириўдиң өзгешеликлерин анықлаўымыз керек.

Билиў объектив реаллықтың адам санасындағы сәўлелениўин аңлатады. Сәўлелендириў характерине байланыслы билиў процессинде бир-бири менен тығыз байланысқан еки басқышты бөлип алып қараўға болады: 1) сезиўлик билиў; 2) абстрактлик ойлаў ямаса логикалық билиў.

Сезиўлик билиўди биз тиккелей билиў деп қарасақта болады, себеби бул басқышта ҳақыйқатлықты (реаллықты) биз тиккелей сезиў органларымыздың жәрдеминде сезим, қабыл етиў ҳәм елеслеў формаларында сәўлелендиремиз. Сол себепли бул сәўлелендириўдиң жәрдеминде биз қубылыслардың, нәрселердиң өмир сүриў ҳәм раўажланыў нызамлықларын, олардың тийкарын биле алмаймыз. Булардың, яғный нәрселер ҳәм қубылыслардың тийкарларын билиў абстрактлик ойлаў басқышында иске асырылады. Абстрактлик ойлаў басқышы оның сезиўлик билиўден парқын көрсетиўши төмендегише өзгешеликлерге ийе:

а) Абстрактлик ойлаў дүньяны тиккелей емес (қыя) сәўлелендиреди. Ямаса логикалық усыл менен сезиўлер жәрдеминде алынған тийкарларды қайта ислеў жолы менен биз тиккелей бақлаўға болмайтуғын мазмунды биле аламыз.

б) Абстрактлик ойлаў дүньяны улыўмаластырылған ҳалда сәўлелендиреди. Сезиўлер жәрдеминде алынған мағлыўматларға тийкарланған ҳалда нәрселердеги ҳәм қубылыслардағы улыўма (қайталанатуғын, ең тийкарғы) қәсийетлер бөлип алынады. Усы қәсийетлердиң тийкарында нәрселердеги, қубылыслардағы улыўмалықты билиўге ҳәм оларды белгили бир типке ажыратыўға болады (мысалы, адам, миллет, болмыс, мәмлекет, ҳуқық ҳәм т.б.). Предметлерди улыўмаластырыў ҳәм бөлеклеўдиң жәрдеминде усы нәрселер ҳаққында түсиниклер пайда болады. Бул түсиниклер өз гезегинде билиўдиң методологиялық инструменти сыпатында хызмет етеди. Ойлаўдың улыўмаластырыўшы характери нәрселер ҳәм қубылыслар классларының қәсийетлерин сәўлелендириўши нызамларды пайда етиў мүмкиншиликлеринде өз көринисин табады.

в) Ойлаў тил менен тығыз байланыслы. Тил ой-пикирлердиң қәлиплесиў усылы сыпатында алып қаралып, онда ойлаў нәтийжелери беккемленеди. Тил жәрдеминде адамлар арасында ой-пикирлер менен алмасыў болып турады.

г) Ойлаў актив ҳәм мақсетке бағдарланған искерлик болып табылады. Себеби ойлаў процессинде белгили мақсетлер қойылады ҳәм ўазыйпалар, мәселелер белгиленеди. Усы қойылған мәселелерди шешиў, алға сүрилген мақсетлерге ерисиў ушын ойлаў ис ҳәрекетлери әмелге асырылады.

Бул көрсетилген өзгешеликлердиң ҳәммеси логикалық методларды, билиў усылларын қолланыў жәрдеминде дүньяны белгили бир логикалық формаларда сәўлелендириў менен анықланады. Усындай ойлаўдың тийкарғы формалары ретинде түсиник, пикир, ой-жуўмағы алып қаралады. Логика ойлаўдың усы көрсетилген формаларын, абстрактлик ойлаў басқышында қолланылатуғын билиў усылларын ҳәм методларын, және де ойлаўдың өзгеше нызамларын үйретеди. Логика илиминиң предметин толық түрде анализлеў ушын ойлаўдың формаларының ҳәм нызамларының мазмунын анықлаўымыз шәрт. **Ойлаўдың тийкарғы формалары ҳәм нызамлары.** Ойлаў процессиниң ҳәм ҳәр қыйлы ой-пикирлердиң логикалық формаларын анықлайтуғын усылды табыўымыз ушын, биз нәрселер ҳәм қубылыслардың ең улыўма белгилерин, нәрселер ҳәм қубылыслар арасындағы қатнасларды, ой-пикирлердиң өзлериниң қәсийетлерин ҳәм сыпатламасын, олар арасындағы қатнасықларды анықлаўымыз тийис. Бул белгилер, қәсийетлер, қатнас ҳәм сыпатламалар логиканың изертлеў предмети ретинде алып қаралады. Олар "болыў", "есапланыў", "болып табылады", ("суть"), "ҳәмме", "ҳәр ким", "ҳеш бир", "айрымлар", "егерде ..., онда.." ("если..., то.."), "ҳәм", "ямаса", "демек" ("солай етип"), "дурыс емес,.." ("неверно, что") ҳәм т.б. логикалық терминлер деп аталатуғын сөзлер ямаса сөз дизбеклери менен белгиленеди.

Ойдың логикалық формасын анықлаўымыз ушын ой-пикирди аңлататуғын сөзлердеги логикалық емес терминлердиң мазмунын дыққатқа алмаўымыз тийис. Оның ушын логикалық емес терминлерди көп точкалар

ямаса штрихли сызықлар менен алмастырыўға болады. Мысалы, "Группаның барлық студентлери логика кружогиниң ағзалары болып табылады" деген пикирди алатуғын болсақ, ондағы логикалық емес терминлерди төмендегише түрде белгилеўге болады: "Барлық ---- болып табылады. (суть, являются)". Бул көрсетилген баянлама ойдың логикалық формасы деп аталады. Солай етип, ойдың логикалық формасы ойдың структурасын береди, яғный логикалық емес терминлердиң мәнисине итибар берилмей анықланатуғын ойдың дүзилисин аңлатады. Ойдың логикалық формасы мазмунлық ҳәм информациялық характерге ийе болады. Ойлардың логикалық формаларының типлерине қарай отырып оларды белгили классларға бөлиўге болады. Бундай тийкарғы класслар ретинде түсиник, пикир ҳәм ой-жуўмағы деп аталатуғын ой-пикирлердиң формаларын алып қарасақ болады.

Түсиник деп белгили бир предметлер ушын улыўма болған белгилер системасына тийкарланып предметлерди улыўмаластыратуғын ҳәм айырып көрсететуғын ойдың формасына айтамыз. Мысалы, нызам тәрепинен жазаланатуғын деп белгиленген ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизликти биз жынаят түсиниги менен анықлаймыз.

Пикир деп предметлердеги қәсийетлердиң, олар арасындағы қатнаслар ҳәм байланыслардың бийкарланыў ямаса мақулланыў формасында берилиўин сәўлелендириўши ойдың формасына айтамыз. Мысалы, Нөкис - Қарақалпақстан Республикасының пайтахты. Астрология - илим емес.

Ой-жуўмағы деп пикирлерде сәўлеленген билимлерден жаңа пикирде сәўлеленген билимди алыў процессин аңлататуғын ойдың формасына айтамыз. Мысалы:

Егер гелий металл болса, онда ол электр өткизеди.

Гелий электр өткизбейди.

Гелий металл емес.

Бул көрсетилген ойлаўдың тийкарғы формаларында ой мазмунының бөлеклери арасындағы байланыс усылы түсиниклерде белгилерде, пикирлерде - түсиниклер арасындағы байланыста, ал ой-жуўмағында

пикирлер арасындағы байланыста көринеди. Айтылғанларға тийкарланған ҳалда бул байланыслар менен белгиленген ойдың мазмуны өз бетинше өмир сүрмейди, ал белгили логикалық формаларда: түсиник, пикир, ой-жуўмағында өз сәўлесин табады. Солай етип, ойлаўдың логикалық формасы деп мазмунның жасаў ҳәм реаллықты сәўлелендириўин тәмийинлеўши ой мазмунының бөлеклериниң арасындағы байланыс усылына, оның дүзисилисине айтылады. Мысалы, бир-бири менен байланысқа ийе ой-пикирдиң биреўи шын болса, онда ой-пикирдиң екиншисиде, ойдың логикалық емес мазмунынан ғәрезсиз түрде шын болады. Ой-пикирдиң шын болыўы, оның ҳақыйқатлыққа сәйкес келиўи менен байланыслы. Ойдың шынлығы - ойлаўдың зәрүрли шәрти болып табылады. Сол себепли, ойымыз (пикирлерди пайда етиўши) мазмунлық жақтан шын болыўы шәрт. Буған қосымша шынлыққа ерисиўдиң екинши шәрти ойлар арасында дурыс байланыстың бар болыў зәрүрлигин талап етеди. Бул шәрт орынланбаса, дурыс пикирлерден де надурыс жуўмақтың алыныўы тәмийинленеди. Пикирлеў процессинде ойлар арасындағы дурыс байланысты ойлаўдың нызамлары анықлайды. Солай етип, формалары бойынша ойлардың арасындағы байланысты формал-логикалық нызамлар белгилейди ҳәм олар ойлардың конкрет мазмунынан ғәрезсиз түрде пикирлеў процессинде қәтеликлер жибериўден сақлайды. Ойлаўдың нызамлары бул ойлар арасындағы ишки, зәрүрли ҳәм ең әҳмийетли байланысты сәўлелендиреди. Бундай нызамларға логикада бирдейлик (теңлик), қарсыласпаў, үшиншисин жибермеў, жеткиликли тийкар нызамлары жатады. Бул нызамлар ойлаўдың тийкарғы нызамлары деп айтылады, себеби олар логикалық ойлаўдың төмендеги қәсийетлерин: оның анықлылығын, қарама-қарсылықсызлығын, избе-излигин ҳәм жеткиликли тийкарға ийе болыўын сәўлелендиреди.

**Бирдейлик (теңлик) нызамы** пикирлеў процессинде ойлаўдың анықлыққа ийе болыў талабын тәмийинлейди. Бул нызамға тийкарланған ҳалда ҳәр қандай ой пикирлеў процессинде өзи менен теңликке ийе болыўы шәрт. Яғный, қолланылып атырылған термин белгиленген бир мәниде, анық

бир нәрсени түсиндириўи тийис. Бул нызамның формуласы "а=а" түринде белгиленеди, "а" дегенимиз ҳәр қандай ойды аңлатады. Бирдейлик (теңлик) нызамының орынланыўы дурыс ойлаўдың зәрүрли шәртлериниң бири болып табылады. Бул нызамның талапларының орынланбаўына көпшилик жағдайда ҳәр қыйлы түсиниклерди бир сөз ямаса сөз дизбеги менен белгилеў алып келеди. Сол себепли пикирлеў процессинде қандай түсиник қандай сөз ямаса сөз дизбеги менен белгиленетуғынын билиўимиз шәрт. Себеби формасы бойынша бирдей сөзлик констукциялар ҳәр қыйлы мәниге ийе болыўы мүмкин, соның менен бирге кери жағдай да, яғный бирдей ойымыз ҳәр қыйлы көринисте сәўлелениўи мүмкин. Илимде биринши жағдай **омонимия,** ал екинши жағдай **синонимия**деп айтылады. Омонимия обьектив жақтан ҳәр қыйлы мазмунды дурыс емес ҳалда бетлестириў мүмкиншилигин берсе, ал синонимия тең мәнилес мазмунды надурыс бағдарда айырып көрсетеди.

Ҳәр қыйлы түсиниклерди теңдей мәниге ийе деп тән алыў ойлаў процесcиде кең тарқалған логикалық қәтешиликке түсиниклерди алмастырып қолланыўды пайда етеди. Бул қәтешиликтиң тийкарын берилген түсиниктиң орнына ямаса сол түсиник ретинде басқа түсиникти қолланыў қурайды. Түсиникти алмастырып қолланыў тәриплеп атырған предметти алмастырыўды аңлатады. Бундай жағдайда тәриплеў ҳәр қыйлы предметлерге тйисли болады, бирақ олар қәтелесип бир предмет ретинде тән алынады.

**Қарсыласпаў нызамы** ойдың избе-излигин тәмийинлейди. Бул нызам бирдей ўақытта бир пикирдиң мақулланыўын ҳәм бийкарланыўын қадаған етеди. Бир бири менен үйлеспейтуғын еки пикир бирдей ўақытта шын (дурыс) бола алмайды, олардың биреўиниң жалған (надурыс) болыўы шәрт. Бул нызам бирдей ўақытта "а" ҳәм "а ның бийкарланыўының" жалған (надурыс) екенлигин, яғный бирин бири бийкарлайтуғын еки ой биргеликте шын (дурыс) болыўы мүмкин емес деген мәниге ийе болып, а $\vee$ `а формуласы менен белгиленеди.

Булнызамныңтийкарынданәрселердиңҳәмқубылыслардыңсапалықанықлыққаийеболыўы,
олардыңқәсийетлерининсалыстырмалытураклығыалыпқаралады.
Ҳақыйқатлықтың көрсетилген тәрепин сәўлелендире отырып, бул нызам адамлар тәрепинен пикирлеў процессинде қарсылыққа ийе жуўмақлардың жиберилмеўин талап етеди. Мысалы, егер қандай да бир предмет анық қәсийетке ийе болса, онда бул предмет ҳаққында пикирлеў барысында бизлер берилген қәсийетти бийкарламай ямаса предметке тийисли болмаған белгини мақулламай, ал оны (көрсетилген қәсийетти) тастыйықлаўымыз зәрүр. Бул нызам саналы түрде фактлерди ҳәм қубылысларды түсиндириўде олардағы қарама-қарсылықларды жүзеге шығарыўда, оларды жоқ етиўде, критикалық ойлаўды қәлиплестириўге жәрдем береди.

Әдетте бул нызам дәлиллеў барысында, егер қарама-қарсылықлы пикирлердиң биреўиниң дурыслығы анықланса, онда бул тастыйықлаўдан басқа пикирдиң жалғанлығы келип шығатуғынлығын түсиндириў ушын қолланылады. Қәлеген жуўмақларға қарсы турғанда күшли аргумент ретинде пикрдиң қарама-қарсылықлы екенлигин ашып көрсетиў алып қаралады. Бирақта, егерде бизлер бир предмет жайында бириншиден, ҳәр қыйлы ўақытта ҳәм екиншиден, ҳәр қыйлы қатнаста қандай да бир пикирди мойынлап ҳәм сол пикирди бийкарласақ, онда қарсылықсыз нызам ҳәрекет етпейди. Мысал ретинде *биринши* жағдайды алып қарайық. Егерде қандай да бир адам бир ўақытта «Жаўыннын аўыл хожалығы ушын пайдасы оғада уллы», ал басқа ўақытта қарама-қарсылықлы пикирди, яғный «Жаўын аўыл хожалығы ушын қолайсыз» десе, онда еки пикирди де шын пикирлер деп алып қараўға болады. Себеби биринши жағдайда бәҳәр, яғный өсимликлердиң өсиўи дыққатқа алынса, екинши жағдайда гүз, яғный өнимлерди жыйнап алыў пайыты есапқа алынады.

*Екинши* жағдайға (ҳәр қыйлы қатнасты) мысал ретинде қандай да бир адамнын шет тилин (айтайық, англичан тилин) жақсы билиўин алып қарайық. Оның шет тилди жақсы билиўижоқары оқыў орнының талапларын

толығы менен қанаатландырады, бирақ бул адамның билимлери оның дилмаш болып жумыс ислеўи ушын жеткиликсиз. Еки пикирди де шын деп алып қараўға болады. Себеби бул пикирлерде көрсетилген адамның шет тилин билиўи хәр қыйлы талаплардан шыққан ҳалда алып қаралмақта, яғный бир адамның өзиниң хәр қыйлы қатнастан көрилиўи қарама-қарсылықлы, бирақ бирдей дәрежеде шынлыққа ийе баҳалардың берилиўине тийкар болмақта.

**Үшиншисин жибермеў нызамы** қарсылықсыз пикирлеўди талап етеди. Бирдей ўақытта еки қарсылық қатнасында болатуғын пикирлер жалған (надурыс) болыўы мүмкин емес, олардың биреўи зәрүрли түрде шын (дурыс) болады. Бул нызам бир-бирине қарсы болған еик пикирдиң биреўиниң жалған, ал екиншисиниң шын болыўын талап етеди. Үшиншисиниң болыўы мүмкин емес. Бул нызам А ямаса В, ямаса В ның бийкарланыўы болады деген формула менен белгиленеди: а $\vee \hat{a}$ ( а ямаса а ның бийкарланыўы дурыс). Мысалы, егер «Бизиң завод пайдалы өнимлерди шығарады» деген пикир шын болса, онда «Бизиң завод пайдалы өнимлерди шығармайды» деген пикир жалған болады.

Бул нызам қарама-қарсылықлы пикирлер ушын хәрекет етпейди, себеби бундай пикрлердиң ҳәр қайсысы бир-бирин бийкарлап қоймастан, ал оған қосымша мағлыўмат та береди. Мысалы, еки пикирди алайық: «бул тоғай тикен жапырақлы», «бул тоғай аралас». Бул жерде екинши пикир, биринши пикирди тек ғана бийкарлап қоймастан, ал ол қосымша да мағлыўмат бермекте, яғный берилген пикирде тоғайдың тикен жапырақлы екенлиги бийкарланып қоймастан, ал оның қандай екенлиги де айтылған.

Үшиншисин жибермеў нызамы фактлерди баянлағанда избе изликти ҳәм олардың қарсылықсыз болыўын талап етеди. Бул нызам еки қарсылықлы пикирдиң биреўиниң шынлығын тән алмай олардың арасынан үшиншисин излеўдиң керек емеслигин талап етеди.

Солай етип, үшиншисин жибермеў нызамы ойлаўдың төмендеги ең әҳмийетли талабын белгилейди: бир-бирине қарсы еки пикирдиң биреўиниң

шын болыўын (дурыслығын) мойынламай, олардың арасынан үшинши пикирди излеўдиң керек емеслигин көрсетеди (бирдей ўақытта берилген ойды ҳәм оның бийкарланыўын қабылламаўға болмайтуғынлығын талап етеди). Бул нызамға тийкарланған ҳалда альтернатив сораўларға жуўап бере алатуғын дәрежеде түсиниклерди анықлаўымыз тийис.

**Жеткиликли тийкар нызамы** ҳәр қандай пикирдиң дәлилленген болыўын талап етеди, себеби пикирдиң дурыслығын исенимге тийкарланып қабыл етиўге болмайды. Бул нызам төмендегише сыпатланады: қәлеген ойымыз жеткиликли тийкарға ийе болыўы шәрт. Қандай да бир ойдың жеткиликли тийкар ретинде зәрүрлитүрде берилген ойдың шынлығын тәмийнлеўши қәлеген басқа ой алып қаралыўы мүмкин. Не ушын әпиўайы түрде тийкар деп айтпай, ал «жеткилкли тийкар» деп айтамыз. Себеби бир жуўмаққа шексиз көп тийкарды әкелиўге болады. Бирақ олардың тек айрымлары егер берилген пикир шын болса жеткиликли тийкар ретинде алып қаралады. Егерде пикир жалған болса, онда олардың бирде биреўи жеткиликли тийкар болмайды.

Солай етип, дәлиллеў жәрдеминде жуўмақтың келип шығыўын тәмийинлейтуғын пикирлерди тийкарлар деп атаймыз, сол себепли бул нызам жеткиликли тийкар нызамы деп аталады ҳәм ол қабыл етилген жуўмақ ушын тийкарлардың жеткиликли болыўын талап етеди. Ҳәр қандай ой егер оның жеткиликли тийкары болса ғана шын (дурыс) деп табылады. Бул мазмун "Егер В болса, оның А тийкары да болады" дегенди аңлатады ҳәм $а \rightarrow в$ формуласында бериледи.

Берилген нызамлардан келип шығатуғын талаплардың бузылыўы ойдың байланыссыз, пытыраңқылы, қарсылықлы болыўына, логикалық қәтеликлерге жол қойылыўына алып келеди.

Солай етип, ойлаўдың нызамлары ҳәм формалары адам санасында объектив ҳақыйқатлықтың предметлериниң қәсийетлерин, байланысларын ҳәм олар арасындағы қатнасларды сәўлелендиреди.

Логикалық форма ҳәм логикалық нызам ҳаққындағы түсиниклерге ийе бола отырып, формаллық логикаға анықламаны төмендегише бериўге болады. Формаллық логикадеп ойлаўдың формаларын ҳәм нызамларын изертлейтуғын философиялық илимге айтамыз.

**Логикада тил түсиниги. Тил белгилер системасы сыпатында.** Логика ойлаўдың формаларын үйренетуғын илим, ал ойлаў болса тил менен тығыз байланыслы. Сол себепли логиканы тил ҳаққындағы илим деп те атаўға болады. Тил логикалық анализлеў тийкарында белгилер системасы сыпатында алып қаралады. Белги дегенимиз билиў процессинде ямаса өз-ара қатнасықта қандай да бир объекттиң ўәкили (представитель) сыпатында қолланылатуғын материаллық объект болып табылады.

Улыўма белгилердиң үш типин бөлип көрсетиўге болады.

*Биринщиси*, **белги-индекс**. Белгиниң өзи белгилеп турған обьектлери менен себепли нәтийжели түриндеги байланысты көрсетеди. Мысалы, түин оттың барлығынан, адамдағы ыссылықтың жоқары болыўы оның аўырғанлығынан дерек береди.

*Екинщиси,***белги-образ.** Олар өзлери белгилеп турған обьектлери ҳаққында мағлыўмат береди. Себеби бул белги обьектлер менен уқсаслық қатнаста болады. Мысалы, картина, сызылма, карта.

*Үшинщиси*, **белги-символ**. Олар өзлери белгилеп турған обьектлери менен себепли-нәтийжели де байланыспаған, олар менен уқсаслыққа да ийе емес. Бундай белгилерди логика илими изертлейди.

Белгилер **логикалық** ҳәм **предметлик** мәниге ийе болады. Олардың предметлик мәнисин белги менен (анықланатуғын) берилетуғын объекттиң өзи, ал мазмунлық мәнисин белги менен сәўлеленетуғын (берилетуғын) объекттиң сыпатламасы ямаса берилген объект ҳаққындағы информация қурайды. Мысалы, "Нөкис - Қарақалпақстан Республикасының пайтахты" деген баянламада "Нөкис" - предметлик мәнини, ал "Қарақалпақстан Республикасының пайтахты" - мазмунлық мәнини аңлатады.

Билиў процессинде белгилердиң ролин Аристотель изертлеген. Бирақ бул белги ҳаққындағы тәлийматтың проблемалық раўажланыўы XIX әсирде лингвистика ҳәм символикалық логиканың талапларына байланыслы жүдә анықлыққа ийе болды. Белгилер ҳаққында илимниң - семиотиканың - тийкарын америкалы философ Чарльз Пирс (1839-1914) салды. Бул илимде тилди анализлеўдиң тийкарғы үш тараўын (тилдиң үш аспекти менен байланысы) бөлип көрсетиўге болады. 1) **синтаксис** – семиотиканың бир тараўы болып белгилер арасындағы қатнасты изертлейди (тилдиң структурасы: белгилердиң пайда болыў, өзгериў усыллары, байланыслары үйретиледи).

2) **Семантика** - семиотиканың бир тараўы болып, белгилердиң сәўлелендирип турған объектлерге қатнасын, белгилердиң мазмунын изертлейди ҳәм интерпретация проблемасы анализленеди.

3) **Прагматика** тараўында адамның белгилерге қатнасы проблемасы изертлениледи, тилдиң коммуникативлик функциясы анализленеди.)

Тиллер еки үлкен группаға бөлинеди. Бириншиси, **тәбийғый тиллер** (ямаса миллий тиллер) - булар жәмийетте тарийхый жақтан қәлиплескен сеслик, графикалық, информациялық белгилер системасы болып табылады. Олар адамлардың материаллық-практикалық искерлигинде топлаған информациясын беккемлеўге ҳәм жеткериўге бағдарланған соцаллық талабын, бир-бири менен қатнасыққа түсиў талабын қанаатландырыў ушын пайда болған. Олар ушын семантикалық шекленгенлик (жабықлық-замкнутость) қәсийети тән (өзин-өзи сүўретлеў).

**Жасалма тиллер** - қосымша белгилер системасы болып, тәбийғый тиллер тийкарында пайда болып, илимий ҳәм басқа информацияны дәл ҳәм үнемлеп жеткериў ушын қолланылады. Олар семантикалық жабық емес (незамкнутый) қәсийетке ийе (миллий тил ямаса бурын пайда болған жасалма тил жәрдеминде қәлиплеседи). Басқа тилди үйрениў қуралы ретинде қолланатуғын тилди метатил, басқа тилдиң өзи - тил-объект деп аталады.

Жасалма тиллер ҳәзирги заман илиминде кеңнен қолланылады. Логика илими де ойлаў структурасын теориялық жақтан анализлеў ушын жасалма рәсмийлестирилген тилди қолланады. Усындай тил ретинде логикада кең қолланылатуғын предикатлар логикасының тилин алып қараўға болады. Бул тил ойлардың арасындағы байланысты олардың логикалық формаларына қарай белгилеўде қолланылады. Бул тилдиң унамлы тәрепи пикирлердиң бир мәниге ийе болыўы менен, омонимлердиң, түсиниксиз, анық емес пикирлердиң болмаўы менен характерленеди. Бул тилдиң унамлы тәрепи ойлаў, пикирлеў барысын қатаң түрде белгилеўге жәрдем береди, оның шынлығын ямаса жалғанлығын анықлайды.

## Тил баянламаларының семантикалық категориялары

Тәбийғый тилди анализлегенде ойдың логикалық формасын анықлаў ушын тил баянламаларының семантикалық характеристикасын белгилеў үлкен әҳмийетке ийе. Тил баянламалары өзлери аңлататуғын (сәўлелендиретуғын) мәнилердиң типлерине қарай, олар менен белгиленетуғын объектлердиң өзлериниң типлерине қарай белгили классларға бөлинеди. Бул класслар тил баянламаларының семантикалық категориялары деп аталады. Тил баянламаларының семантикалық категориялары **дескриптивлик** ҳәм **логикалықтерминлерге** бөлинеди.

**Дескриптивлик** (сүўретлеўши) терминлерге **предметлердиң атлары, қатнасық ҳәм қәсийетлерди аңлататуғын баянламалар** (предикаторлар), **гәплер** киреди. Булардың ҳәр қайсысына қысқаша тоқтап өтейик.

## Атлар

Атлар белгилердиң бир түри сыпатында алып қаралады. Атлар ҳаққындағы тәлиймат **атлар теориясы** деп аталып, ол кең түрде немец илимпазы Готлоб Фреге (1848-1925), Карнап (1891-1970), Войшвилло (1913 жылы туўылған) тәрепинен изертленилди.

Атлар деп қандайда бир предметти аңлататуғын сөз ямаса сөз дизбегине айтамыз. Ат белги болғанлығы себепли предметлик ҳәм мазмунлық мәниге ийе. Предметлик мәни ат менен белгиленетуғын предметтиң өзин аңлатады

ҳәм оны логикада **денотат,десигнат**, **номинат**деп белгилейди. Мазмунлық мәни ат менен белгиленетуғын предметлер ҳаққындағы информацияны береди ҳәм ол логикада концепт деп аталады.

Атлардың еки үлкен типин бөлип көрсетиўге болады. Жеке атлар - олар бир предметти аңлатады. Мысалы, Өзбекстан пайтахты, Бүлбил уясы китабының авторы, ай ҳ.т.б.

Улыўма атлар деп айрым класстың предметлери ушын улыўмалыққа ийе болған атларға айтылады ҳәм олар бир предметтен артық болған көпликти белгилейди. Мысалы, нызам, оқыўшы, студент ҳәм т.б.

Атлар үш нормативлик принципке: бойсыныўы шәрт : 1) **предметлик принцип** (принцип предметности) - баянламаларды, гәплерди қурайтуғын атлардың (ол атлардың өзи емес) мәнисиниң мақулланыўының ямаса бийкарланыўының шәртлигин аңлатады.

2) **бир мәнилик принцип** (принцип однозначности)- ат түринде қолланылатуғын баянлама тек ғана бир обьекттиң аты болыўы шәрт (егер бул ат жеке ат болса), ямаса белгили бир класс предметлери ушын улыўмалыққа ийе ат болыўы тийис (егер бул ат улыўма ат болса)

3) **өз-ара алмасыў принципи**(принцип взаимозаменимости)- егер қурамалы атта атты аңлатыўшы бөлекти сол аттың мәнисине ийе басқа ат пенен алмастырсақ, онда алмастырыў нәтийжесинде пайда болған мәни берилген қурамалы аттың мәнисин бериўи шәрт. Мысалы, бизге «Жер Қуяш дөгерегинде айланады» деген гәп берилсин. «Қуяш» атын «Қуяш системасының орайлық денеси» деген басқа ат пенен алмастырсақ, онда бул атлардың мәнилери бир бири менен бетлеседи. Сол себепли олардың биреўин екиншиси менен алмастырыў нәтийжесинде берилген дурыс гәптен екинши дурыс гәпти пайда етемиз.

Дескриптивлик терминлердеги қәсийет ҳәм қатнасықты аңлататуғын тил баянламаларын **предикаторлар** деп атаймыз. Олар гәплерде баянлаўыш хызметин атқарады.

Қәсийет деп нәрселерди ҳәм қубылысларды бир-биринен ажырататуғын тийкарға айтамыз. Ал қатнасықтың қәсийеттен парқы сонда, қатнасықта гәптиң шын (дурыслыққа) ямаса жалған (надурыс) екенлигин анықлаўымыз ушын оны бир неше предметлердиң жубына қолланыўымыз керек. Мысалы, арасында жайласқан, бир нәрсеге салыстырғанда үлкен ямаса киши ҳәм т.б. Солай етип, қәсийет бир предметке тийисли избе-излик сыпатламаны берсе, қатнасық бир неше предметлерге тийисли избе-излик қатнасығын береди. Логикада булл өзгешеликти, яғный предикаторға тийисли болған атлардың санын предикатордың орны деп белгилеймиз. Мысалы, жеке предметлерге тийисли қәсийетлерди сәўлелендириўши предикаторлар бир орынлы предикаторлар деп аталады (мысалы, қызыл қәлем, әтир гүл), ал еки ямаса бир неше предметлер арасындағы қатнасларды аңлатыўшы предикаторлар көп орынлы предикаторлар деп аталады. Мысалы, "Студент англичан тилин француз тилине салыстырғанда жақсы биледи". Бул берилген пикир үш орынлы пикир болып табылады (.. салыстырғанда..жақсы биледи).

Дескриптивлик терминлер ретинде алып қаралыўшы **гәплерде** қандайда бир белгилердиң предметлерге, нәрселерге тийислилигин мақуллаўшы ямаса бийкарлаўшы предметлер ҳаққында баянламалар дыққатқа алынады. Қандайда бир предметтиң белгиси сол предметтиң қәсийетке ийе ямаса ийе емес екенлигин, оның басқа предметлерге қатнасы бар ямаса жоқ екенлигин көрсетеди. Мысалы, "Бул қәлем қызыл" деген гәпте қәлемниң қызыл реңге ийе екенлиги мақулланады. "Реңге ийе болыў" сөз дизбеги белгини (признак) аңлатады, ал "қызыл" сөзи қәсийеттиң белгисин аңлатады.

Гәплердеги баянламалар өзиниң логикалық мәниси бойынша шын (дурыс) ямаса жалған (надурыс) болыўы мүмкин.

Тил баянламаларының семантикалық категорияларының **логикалық терминлерине** логикалық дәнекерлер (болады, есапланады, ҳәм, ямаса, егер.., онда, дурыс емес, ҳәмме, ҳәр биримиз, айрымлар ҳәм т. б.) ҳәм логикалық кванторлар киреди. Кванторлардың еки түри бар. Олар: $\forall$- улыўмалық квантор – улыўма баянламаларды анықлаў ушын қолланылады

ҳәм ∃- жасаў кванторы – дара баянламаларды белгилеў ушын қолланылады. Логикалық терминлердиң айрымлары, мысалы, "ҳәм" (и), "егер.., онда.." (если.., то..) ҳақыйқатлықтағы қатнасықларды сәўлелендиреди.

**Қадағалаў ушын сораўлар:**

1. Абстрактлик ойлаўдың тийкарғы белгилери қандай?
2. Ойдың логикалық формасы дегенимиз нени аңлатады?
3. Формал логиканың тийкарғы нызамларына анализ бериң.
4. Белги дегенимиз не?
5. Белгилердиң қандай тийкарғы түрлери бар?
6. Атлардың тийкарғы түрлерине анализ бериң.
7. Дескриптивлик терминлердиң тийкарғы типлерин көрсетиң.

# 4- ТЕМА : АНАЛИТИКАЛЫҚ ЭПИСТЕМОЛОГИЯ ҲӘМ ФЕНОМЕНОЛОГИЯ

**РЕЖЕ:**

*1. Аналитикалық эпистемология*

*2. Аналитикалық философия ҳәм феноменология*

**Таяныш сөзлер:** *руўх, феномен, эпистемология, методология, анлитика, логика, гносеология, феноменология, субъект, реаллық, интенционаллық, қарсылық.*

## 4.1. Аналитикалық эпистемология

Методология теориялық ҳәм практикалық искерликти қурыў ҳәм шөлкемлестириў принциплери ҳәм усыллары системасы, тағыда бул система ҳаққындағы тәлимат /метод ҳаққындағы тәлимат/ сыпатында анықланады. Аристотель өзиниң дөреткен логикалық системасын органон – шын билиўдиң универсаллық қуралы сыпатында алып қараған. Кейин ала жаңа заманға келип аристотеллик методология гүман астына қойылады ҳәм философлар метод проблемасына қайтады. Бэконның пикиринше илим анализ, бақлаў, экспериментке тийкарланыўы тийис, нызамлар ҳәм себеплерди билиўге бағдар алыўы зәрүр. Бундай усыл ретинде индукция алып қаралады. Декарта метод проблемасы қандай тийкарларда шын билимге ерисиўге болады деген мәселени додалаў менен байланыслы. Ол рационалистлик методты алға сүреди. Канттың критикалық методологиясы болса ақылдың өзиниң қолланылыў шегараларын анықлаўын көрсететуғын қағыйдалар менен байланыслы. Гегель өзиниң диалектикалық методын раўажландыра отырып билиў принциплери болмыс принциплери менен, субъективлик объективлик пенен сәйкес келиўин талап етеди. Оның пикиринше, қәлеген қарсылық болмыстың да, билиўдиң де басланғыш

пункти сыпатында баҳаланады. Кейинги философлар оған практикалык искерликти киргизеди, илимди руўхтың өмириниң формасы сыпатында алып қарайды.

Бүгин бизлер философиядағы методлардың универсаллық болыўын талап етемиз, яғный олар қәлеген предметлерди билиўге, қәлеген жағдайлардағы ҳәрекетлерге де қолланылыўы тийис. Бул предметлер ҳәм нәрселер арасындағы улыўманы түсиниўимиз ушын бизлер барлық ўақытта тек ғана бир нәрсени – билиў ҳәм искерлик субъектин табамыз. Сол себепли өзимиздиң методологиямызды қурып, философия ҳәмме ўақытта субъект шеңберинде қалыўы тийис. Субъект өткинши эмпирикалық өзгешеликлерден тазаланған болыўы тийис,  улыўмаласқан, универсал, трансценденталлық субъект болыўы тийис.

Солай етип, методологияның биринши талабы – таза субъекттиң шегарасынан шықпаў керек. Тек ғана усы тараўда анық, шын берилгенлерге ийе боламыз.

Екинши талап – тек ғана зәрүр болған пикирлер қабыл алыныўы тийис.

Бул жағдайларды анализлегенимизде бизлер логика нызамларына тийкарланамыз. Олардан бири болған жеткиликли тийкар нызамы императивлердиң дәлилленген принципиниң сәўлесин береди. Яғный бир бирин бийкарлаўшы еки императивтен жеткиликли дәллиленгени таңланады. Бул нызам бизлерди руўх ҳәм тәжрийбениң өз-ара қатнасы проблемасына тиккелей алып келеди. Бул проблема билиў теориясының предметин береди. Билиў теориясы термининиң өзи 1854 жылы шотландиялы философ Дж.Феррьер тәрепинен илимий айланысқа киргизилген.  Философияның көплеген дәстүри билиў теориясын философияның барлық системасының тийкары,  берилген системаның барлық басқа элементлерин гүзетиўши пән деп алып қарайды. Билиў теориясының орны ҳаққындағы бундай түсиндирме өзиниң аргументлесиўине ийе: билимниң қандай да бир системасын қурыўға кириспестен бурын бул билимниң өзиниң қалайболыўы мүмкин ҳәм қандай

жағдайларда ол ҳақыйқый ҳәм пайдалы болады деген сораўлардың мазмунын анықлап алыўымыз зәрүр болады.

Билиў проблемасы бойынша қандай да бир объектлер жасайды, олар анаў яки мынаў түрде субъекттен бөлекленген болады, субъект болса өзиниң билиўлик уқыплылықларын пайдаланып, қандай да бир тосықларға ушырайды, олар объектти толық түрде ҳәм шын билиўге кесент береди. Берилген тосықлар объекттиң өзиниң қәсийетлери болыўы мүмкин, объект ҳәм субъект арасындағы ҳалат болыўы да мүмкин, субъекттиң өзиниң қәсийетлери де болыўы мүмкин. Солай етип, бизлер билиў нәтийжесинде бизлердиң алғанымыз, үйренилип атырылған объект пенен шынында сәйкес келмеўи де мүмкин. Усылайынша нәрсениң өзи ҳәм оның билиўге умтылып атырған субъекттиң ойындағы көриниси арасында айырмашылық болыўы мүмкин.

Билиў теориясының бир бөлимин илим философиясы, яғный эпистемология береди. Илим өзине шектеги сын көз менен қараўшы билиў усылын береди. Сынға алыўшылық билиўдиң белгили тенденциясын аңлатады, ол билимди анық, дәл қатаң система түринде көрсетиўге урынады. Бул системадан мүмкиншилиги барынша тиккелей тәжрийбеден келтирип шығарыўға болмайтуғынның барлығын шығарып таслайды. Бундай умтылыўда илим барлық ўақытта априорлық сызылмалардан қутылыўға яки оларды минимумға әкелиўге ҳәрекет етеди. Бирақ айрым жағдайда бундай урыныўлар илимди априорлық сызылмалардан өзлерине есап бермей пайдаланып атырғанлығын көрсетеди, ал бундай жағдай болса қолайсыз ҳалатқа алып келеди. Илим билиўдиң априорлық сызылмаларсыз өмир сүре алмайтуғынлығын түсиниўи зәрүр. Бирақ бул берилген сызылмалар мудамы қадағалаў астында болыўы тийис, тәжрийбениң берилгенлери менен дүзетилиўи тийис, зәрүрликтен жоқары дәрежеде көбеймеўи керек.

Априорлық пикирлер апостериорлық пикирлер келтирип шығарыў мүмкин болмаған предметлерге ғана тарқалады. Философияның баслы ўазыпасын априорлық пикирлердиң толық максимал эскпликациясы береди.

Априорлық пикирлер шексиз улыўма боғанлығы себепли, философия билимлерди бирлемши априорлық елеслерден келтирип шығарыў /дедуцирование/ менен шуғылланады. Өз гезегинде илим жеке бақлаўлардан улыўма болған билимди /индуцирование/ алыў менен шуғылланады, яғный бул бақлаўларды улыўмаластырады. Тағы да илим билиўдиң априорлық формалары ҳәм методларынан пайдаланады, бирақ оларға тәжрийбениң берилгенлеринен ғарезли дүзетиў киргизеди. Шектеги эмпирикалық улыўмаластырыўлар дәрежесинде, яғный теориялық дәрежеде, қәлеген илим философияның дедуктивлик жуўмақлары менен ислеседи: мысалы ушын, экономикалық теория хожалық философиясы, ҳуқық теориясы ҳуқық философиясы менен ҳ.б.  Соның менен бирге жеке илимлер ҳәм философияны бөлеклеў проблемалы характерге ийе., себеби билиўдиң еки бөлими де бир проблема менен шуғылланады. Буған қосымша, себеплилик елеслеў сыпатында руўхтың барлық формаларында – динде,моральда, ҳуқықта ҳ.б. қатнасады. Дин де ҳәм басқа да руўхтың формалары себеплилик ҳаққындағы көз-қарастың бир тәрепине, яғный ҳәрекетлердиң нәтийжелигине дыққат аўдарады. Илим болса, керисинше, өзиниң дыққатын күшлердиң, ҳәрекетлердиң анықланғанлығына дыққат аўдарады.

Философия бүгинги күни ҳәр қыйлы жеке илимлердиң методологиялық жақтан үстинликке  ийе болыўына урыныўлары менен гүрес алып бармақта. ЕгерXVII-әсирде бундай үстинликке ийе болыўға математика, XVIII-әсирде - физика,XIX-әсирде – психология ҳәрекет еткен болса, ал ҳәзир XX-әсирден баслап филология урынбақта. Ҳәзирги ўақытта заманагөй философияда филологиялық усылдың позициясы күшли. Бир тәрептен позитивизм көз қарасынан, философиялық проблемалар илимий экспериментлердиң берилгенлерин сүўретлеўши тилдиң проблемаларын аңлатса, ҳәм усыған байланыслы философияны усы проблемалардың анализи менен шуғылланады десе, екинши тәрептен, иррационалистлик философия философияны тиккелей текстлердиң наборы сыпатында алып қарайды, басқаша айтқанда философиялық әдебият тарийхы деп түсиндиреди. Бул

берилген проблемалардың шешими эпистемологияда илимлердиң классификациясы түринде алға сүриледи.

## 4.2. Аналитикалық философия ҳәм феноменология

Феноменология бизлерге философиялық пән сыпатында емес, ал заманагөй философиянын бағдары сыпатында белгили. Философиялық пән сыпатында ол XVIII-әсирде пайда болады. Ламберт /1728-1777/ феноменологияны қубылысларды анализлейтуғын ҳәм сезиўлик билиўдиң иллюзияларын ашып көрсететуғын тәжрийбе предметлери ҳаққындағы илим сыпатында анықлайды.  Кант феноменологияда сезиўлик принциплерин изертлейтуғын пропедевтикалық негативлик илимди көреди. Таза ақылды сынға алыў идеясы белгили бир тектеги феноменология түринде түсинилиўи мүмкин. Себеби ол сезиўлик билиўдиң шеклерин изертлейди, феномен ҳәм ноуменлерди, ойлаўдың трансценденталлық ҳәм эмпирикалық қолланылыўын ажыратып көрсетеди. «Тәбийғый илимниң метафизикалық басламаларында» Кант феноменологияны  тәжрийбениң предмети сыпатында алып қаралатуғын тәбиятлық қубылыслар ҳаққындағы тәлимат деп алып қарайды. Яғный олар көрсетилиў усылына қатнаста яки модаллылыққа қатнаста алып қаралады. Бундай түсиндирме Фриздиң де /1773-1843/ орайлық мәселсине айланады.  Ол феноменологияны натурфилософиянын бөлеги деп түсиндиреди, ал оның предметин елеслерде ҳәм қабыл етиўде нәрселер қалай берилген болса, сондай усылдың анализи береди. Фихтеден басланып феноменология билимниң қәлиплесиўи ҳаққында тәлимат сыпатында түсиниледи.

Гегель ушын феноменология философиялық пән болып, ол философияның қәлиплесиўин көрсетеди, өзиниң ўазыйпасы ретинде сананың формаларының генетикалық-тарийхый изертлениўин алып қарайды.  Ол таза философиялық билимниң дәлиллениў усылын ҳәм сол ўақыттың өзинде күнделикли сананың тазаланыў жолын аңлатады. Гегельдиң «Феноменология духа» атлы мийнети 1807 жылы жарық көреди. Гегельдиң ойынша, руўх феноменологиясы илимлер системасының биринши бөлегин берип, оны

диалектикалық илимниң екинши бөлимине – логикаға апарыўы тийис болған. Ол руўх феноменологиясы методына сыпатлама береди, ол сананың избе из раўажланыўын сәўлелендиреди: сананың бир басқыштан екинши басқышқа өтиўи предмет ҳәм ол ҳаққындағы пикирдиң, тийкар ҳәм санадағы оның қубылысы арасындағы қарсылықлар пенен анықланады. Гегельдиң «Руўх феноменологиясы» кирис сөз ҳәм алғы сөзден басқа сегиз бөлектен турады, олар төрт бөлимге бөлистирилген. Олар Сана /1-3 б./, Өзиңди аңлаў /4б/ ҳәм Ақылдан /5-8б./ турады. Кейинги бөлим тарийхый ақылдың – руўхтың, динниң, абсолютлик билимниң носители сыпатындағы диалектиканы ашыўға бағышланған. Руўх басқышында сананың тарийхый образлары – руўхтың қәлиплесиўинде форманы дөрететуғын рольге ийе болған әҳмийетли дәўирлер пайда болады. 1. ҳақыйқый руўх яки әдеп-икрамлылық индивидуаллық ҳәм субстанцияның жанлы тиккелей бирлиги сыпатында /Әййемги Греция/. 2. ҳуқықый ҳалат – тек ҳуқықтың улыўмалығы менен байланысқан көплеген үстинликке ийе болған индивидлер /Әййемги Рим/. 3. өзинен бөлекленген руўх – саўатлылық дүньясы, оған сәйкес болған үзилген сана, ол өз сәўлесин исеним ҳәм туўры ойдың, ағартыўшылық ҳәм исеним арасындағы коллизияда табады /Ағартыўшылық дәўири/. 4. өзи ушын шын болған руўх яки мораллық /кантлық этика/ - абсолютлик еркинликтиң негативлиги арқалы ерисилетуғын басқыш /француз революциясында өз сәўлесин табады/. 5. дин, өзинде руўхтың түсиндирилиўиниң үш басқышын бириктиреди – тәбийғый дин /Шығыс/, көркем дин /антикалық искусство/ ҳәм жаңалық дини. 6. абсолютлик билим – бул басқышта динниң мазмуны өзине адекват болған спекулятивлик ойлаўдың формасына өтеди. Руўх философиясында феноменология басқаша түсиндирмеде бериледи, ол антропология ҳәм психологияның арасынан орын алады, сананың бар формаларының статиклик-системалық баянламасын аңлатады.

XIX-әсирдиң екинши ярымында философияның баслы бағдарламаларында билиўдиң психологиялық теориясы үстем сүреди. Уильям Гамильтон /1788-1856/ феноменологияны психологияның бөлеги

сыпатында түсиндиреди. Морис Лацарус /1824-1903/ оны өзгеше, бирақ психологиялық пән сыпатында алып қарайды.Феноменологияны психологияның бөлеги сыпатында Брентано да /1838-1917/ түсиндиреди, ол феноменология түсиндириўши психологиядан парықланады, психикалық феноменлерди: пикир, елес, руўхый ҳәрекетлерди сүўретлеўи ҳәм классификациялаўы тийис деген көз қарасты алға сүреди. Феноменология ушын Брентаноның психикалық актлердиң интенционаллығы ҳаққындағы идеясы, пикири перспективалыққа ийе болды.Феноменологияның психологиялық түсиндирмеси бағдары Карл Штумпф /1848-1936/ тәрепинен раўажландырылды. Ол психикалық актлердиң функциясын ҳәм қубылысын бөлип қарайды. Феноменология ушын Алексиус Мейнонг /1853-1920/ идеялары да үлкен әҳмийетке ийе болды. Ол билиўди қыйналыў сыпатында түсиндиреди, сана предметлери ҳәм предметлердиң анализи қыйналыўдың типине сәйкес байланысқан болады, ишки тәжрийбениң айқынлығы ҳаққындағы ойды алға сүреди. Арнаўлы философиялық бағдар сыпатында феноменологияның принциплери Гуссерль тәрепинен ислеп шығылады. Ол феноменологияны предметлердиң тәжрийбеде берилгениндей олар ҳаққындағы илим деп алып қарайды. Оның пикиринше феноменология таза ойлаўды алып қараўдан бас тартады, себеби ойлаў ямаса қыйланыў интенционаллыққа ийе /яғный бизлер ҳамме ўақытта бир нәрсе ҳаққында ойлаймыз ямаса бир нәрсени қайғырамыз/. Тағыда ол предметлерди өзинше алып қараўдан да бас тартады, себеби предметлер тек тәжрийбеде берилген феноменлер сыпатында әҳмийетли болады.

Феноменология барлық ўақытта руўх феноменологиясын аңлатады, ол тарийхтағы руўхтың формаларының алмасыўын ҳәм усы формалардың өзлерин алып қарайды. Руўх дүньялық руўх түринде емес, ал адамның бир пүтин руўхы сыпатында алып қаралады. Дүнья болса өзлик зат түринде түсиндириледи, ол адамның алдында анық болып көринбейди, усыған байланыслы адам өзиниң активлигин көрсетиўи тийис, өзи дүньяның картинасын соғыўы керек болады.Бундай картинаның минимумын

экзистенциаллық формула береди. Руўх активликтиң ҳәрекетке келтириўшин береди, ол анаў яки мынаў дәрежеде барлық көринислерде қатнасады. Руўхтың импульсы үлкен, бирақ оның реаллық пенен соқлығысыўы барысында бул импульс өшеди ҳәм реаллықтың факторларының басымына орнын береди.Мәдений-тарийхый реаллықта бизлер ҳәмме ўақытта өлген руўхтың излерин ушыратамыз – символлар, мәниссиз стереотиплер, абстрактлик мораль ҳ.б. түринде.

Адамлардың биргелкили активлик процессинде активликтиң ишки тийкары сезилетуғын символларда объективлесиў қасийетине ийе болады, тағы да мәдений-тарийхый реаллық компонентлери формасында бөлекленеди. Бундай реаллық тек ғана адамға байланыслы жасайды, бирақ тәбиятлық реаллықтай, ол ҳәм адамға тәсирин тийгизеди. Негизги ҳәм таза түринде активлик тийкары адам саналы ямаса санасыз ҳалда активликтиң анаў яки мынаў формасында көре алатуғын мәнисти аңлатады. Кейин бул тийкар конкретлик әҳмийетке ийе болмаған абстрактликке – миннет сезиўине, стереотипке яки күш менен беккемленген тастыйықлаўға айланыўы мүмкин.

Руўхтың қәлиплесиўи диалектикалық характерге ийе, оның дереги ретинде ҳәмме ўақытта қарсылық алып қаралады, бул қарсылық руўхтың өзине имманентли болады, бирақ реаллықтың ҳәрекети менен иске асырылады. Соның менен бирге бундай қәлиплесиў рационаллыққа ийе, яғный формаллық логиканың нызамларына қайшы келмейди.Адамның активлигиниң тийкарының арасынан бирдей ўақытта оны услап қалыў ҳәм де оған қарсылық көрсетиў турақсызлықты келтирип шығарады /барлық ўақытта турақсыз болады/ ҳәм инсанлық кризис пенен байланыслы болады. Бул кризис дерационалласыўыға ҳәм инсанның ыдыраўына алып келиўи мүмкин. Сол себепли берилген қарсылық адамнан өзиниң шешилиўин талап етеди ҳам оны шешимди излеўге ийтермелейди, активликтиң тийкарына тосық қойыўды алып таслайды. Логикада қарсылық моменти избе-изликтиң тек адымын береди, реал өмирге келсек, оның даўамлылығы руўхый

саламатлықтың жеке потенциалынан, яғный шыдап болмайтуғын жағдайға шыдамлылықты көрсетиў уқыплылығынан ғәрезли болады. Солай етип, қарсылық берилген жағдайлардың барлығында да турақлы шаманы бермейди, бирақ ҳәмме ўақытта өткинши момент сыпатында алып қаралады. Логикада антитезисти тезиске қарсы қойыў олардың бирдей шыңлыққа ийе екенлигин мойынламайды, бул ҳалат экзистенциаллық сызылмаға кирген барлық тезислерге қатнаста дурыс болады. Егер қандай да бир инсан олардың бирдей ўақытта шынлығын мойынласа, онда ол күтилетуғын екиге бөлиниўшиликке қаншелли дәрежеде қарсы тура алса, соншама ўақыт даўам ете алады. Усыннан келип шығып, қарсылықтың турақлылығ логикалық жақтана да, реаллық жақтан да мүмкин емес. Сол себепли қарсылық барлық ўақытта руўхтың ҳәрекети менен гүзетиледи. Руўхтың турақлылығы қарсылықтан тысқарыда логикалық жақтан да, реаллық жақтан да болса мүмкин болады, ҳам усы турақлылық реал ҳәрекетти тәмийинлейди, яғный бул жерде сыртди қайта өзгертетуғын адамлық активлик дыққатқа алынады. Қарсылықта турған ўақтында адам адымба адым активликликке болған уқыплылықты жойытады, қарсылықты сапластырып, адам бул уқыплылықты турақластырады.

Тарийх процессинде идея эволюция ҳалатына келмейди, ал бир идея басқасын алмастырады. Басқаша айтқанда, идеялардың өзлери алмаспайды, олар сол бир идея болып қала береди, бирақ олар бири бирин алмастырады. Сол себепли диний көзқараслардың эволюциясы ҳаққында пикир жүргизгенимизде, қандай да бир әпиўайы идея қурамалыраққа раўажланды деп жуўмақ шығарғанымыз қәте болса керек, бирақ бир идеядан бас тарттық ҳәм оның орнына басқасын қабылладық десек болады. Жаңа идея гөнесине салыстырғанда әпиўайырақ та, қурамалырақ та болыўы да мүмкин, оның менен туўысқан да яки оның менен логикалық жақтан байланысқан да болыўы мүмкин. Бәрибир де ол басқа идея болады. Логикалық избе-излик раўажланыўды бийкарлайды, онда тек ғана қурамаласыў яки әпиўайыласыў болады, оны тарийхый өлшем менен баҳалай алмаймыз.

Руўхтың барлық формалары олардың улыўмалығы- носители пайда болған ўақтында бирге пайда болады, бирақ берилген бирликтиң тарийхы даўамында  анаў яки мынаў форманың үстемлик етиў дәўири алмасады. Мысалы ушын қарақалпақ мәденияты минез-қулық ҳәм ойлаўдың стереотиплериниң ҳәм дәстүрлериниң жыйнағы сыпатында  қарақалпақ халқы менен бирдей ўақытта пайда болған., ҳәм тек ол ғана бул халықты басқалардан ажыратып көрсетеди, бирақ ҳәрекети динниң, моральдың, ҳуқықтың ҳәм сиясий мақсетке сәйкесликтиң ҳәрекетин жабатуғындай үстем сүриўши руўхтың формасы сыпатында мәдeният қарақалпақ халқының тарийхының белгили бир дәўиринде ғана алып қаралады.

**Қадағалаў ушын сораўлар:**

1. Эпистемология дегенимиз не?

2. Аналитикалық философияның мазмунына түсиндирме бериң. Оның состав бөлеклерин анализлең.

3. Методология дегенимиз не?

4. Феноменологияның қәлиплесиўине улыўма сыпатлама бериң.

5. Гуссерль феноменологияны қалай түсиндиреди?

## 3.ӘМЕЛИЙ САБАҚЛАРЫ БОЙЫНША ТАПСЫРМАЛАР

### 1-тема: Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар

*Реже:*

*1. Аналитикалық философияның келип шығыў мәселеси*

*2. Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлары*

*3. Илимий мектеплердиң тийкарғы искерлиги*

*4. Витгенштейн тәлиматы. Түсиниў проблемасы*

### 2-тема: Дж мур ҳам Б. Расселдиң тәлийматлары

*Реже:*

*1. Дж. Мур философиялық пикирлер ҳам әмелий ақыл критикасы.*

*2. Б.Расселдиң атомистлик фактлер теориясы*

*3. Б.Расел тәрепинен усынылған класслар хаққындағы концепциясы*

### 3-тема: Логикалық анализ ҳәм оның структурасы

*Реже:*

*1. Логикалық анализ түсиниги*

*2. Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары*

### 4-тема: Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы

*Реже:*

*1. Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны*

*2. Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги*

### 5-тема : Аналитикалық эпистемология ҳәм феноменология

*Реже:*

*1. Аналитикалық эпистемология*

*2. Аналитикалық философия ҳәм феноменология*

## Әмелий сабақларында берилетуғын тапсырмалар бойынша қолланылатуғын методлар

**Синквейн ҳаққында қысқаша мағлыўмат**: Синквейн бес қатарлы тақмақ дегенди аңлатады. Лекция бойынша алынған билимди қысқаша резюме түринде бериў уқыплылығын тыңлаўшыда пайда етиўге жәрдем береди. Тыңлаўшыдан бай түсиниклерге тийкарланған ҳалда рефлексия жүргизиўди талап етеди. Синквейн берилген материалды, мағлыўматты қысқа пикирлерде синтезлеўди талап ететуғын тақмақ.

**Синквейнди жазыўға қойылатуғын қәделер:**

1. Биринши қатарда тема бир атлық сөз жәрдеминде бериледи.

2. Екинши қатарда теманы еки келбетлик сөздиң жәрдеминде сүўретлеў керек.

3. Үшинши қатарда берилген тема көлеминде ҳәрекетти үш сөз жәрдеминде сүўретлеў керек.

4. Төртинши қатарда темаға қатнасты көрсететуғын төрт сөзден қуралған гәпти келтириў керек.

5. Бесинши қатарда теманың мазмунын ашатуғын бир сөзден қуралған биринши атлық сөздиң синонимин келтириў керек.

Қалай ислеў керек?

Атама (әдетте атлық сөз) __________

Сүўретлеў (әдетте келбетлик еки сөз) __________ __________

Ҳәрекет (әдетте фейил үш сөз) ________ ________ ________

Сезиў (фраза) ________ ________ ________ ______

Тийкарды қайталаў

(атлық сөздиң синоними) _______________

Синквейнди дүзиў тыңлаўшылар ушын, биринщиден, қурамалы мағлыўматты синтезлеў инструменти, екиншиден, олар тәрепинен

түсиниклер аппаратын баҳалаў усылы, үшиншиден, дөретиўшилигин көркемлилик жақтан сәўлелендириў методы сыпатында пайдалы.

**Кластер ҳаққында мағлыўмат:** кластер сөзи «жүзимниң солқымы‘ дегенди аңлатып, берилген тема бойынша тыңлаўшылардың еркин ҳәм ашық түрде пикирлеўине жәрдем бериўши педагогикалық стратегия. Ол ойлаў искерлигин стимулластырыў ушын қолланылады. Белгили тема бойынша түсиникке ийе болыўға тийкарланған тыңлаўшылардың өзлериниң жеке билимлерине қатнасын көрсетиўши стратегия.

**Кластерди дүзиўге қойылатуғын талаплар:**

- берилген теманың мазмунына байланыслы түсиник ҳаққында тыңлаўшылар ойына келген барлық мағлыўматты жазыўы керек (олардың сапасын есапқа алмаған ҳалда).

- мағлыўматлар арасында илажы барынша көп байланысты көрсетиўге ҳәрекет етиўи керек.

- өтилген тема бойынша тийкарғы таяныш сөзди бөлип аламыз ҳәм ол сөздиң мәнисин аңлатыўшы түсиниклерди бөлек-бөлек жазамыз, өз гезегинде таяныш сөздиң мазмунын ашыўшы ҳәр бир түсиниктиң де мәнисин аңлатыўшы сөзлерди келтиремиз (көз алдыңызда жүзимниң солқымы пайда болады).

- бул усыл лекция даўамында алған мағлыўматымызды кеңейтиўге хызмет етеди.

**Семинар барысында тыңлаўшылардан «Инсерт» стратегиясын пайдаланыў талап етиледи.** Бул стратегияның қолланылыўы сабақ барысында берилип атырған материалды тыңлаўшылардың өзлестиргенлигин интерактив белгилер системасын пайдаланыў жәрдеминде анықлаў ушын қолланылады. Бул стратегияны қолланыў тыңлаўшыларда текст менен жумыс ислеўдиң эффективлилигин, ойланып оқыўды, гөне

материал менен жаңаның байланысын көрсетиў уқыплылығын арттырады. Инсерт стратегиясының белгилер системасы төмендегише көриниске ийе болыўы шәрт: «V» - белги сизлер бурын билген мазмунға қойылады. «-» - (минус) белги сизлердиң алған мағлыўматыңыздың бар билимиңиздиң мазмунына қарсылығын көрсетиў ушын қойылады.

«+» - (плюс) белги сизлердиң алған мағлыўматыңыздың сизлер ушын жаңа болған мазмунына қойлады.

«?» - (сораў) белги сизлер ушын түсиниксиз, қосымша мағлыўматты талап ететуғын мазмунға қойылады.

Инсерт стратегиясын қолланғанда биринши адым ретинде көрсетилген тема бойынша «мийге хүжим» жүргизиледи, екинши адым ретинде берилген мазмунды белгилерди қолланыў жәрдеминде индивидуал оқыў талап етиледи, үшинши адым ретинде «мийге хүжим» жәрдеминде алынған нәтийжени оқыў тийкарында мазмунды анализлеў алып қаралады, төртинши адым ретинде алынған мағлыўматты «Инсерт» таблицасы түринде системаластырыў керек.

**«Инсерт» таблицасы**

| V | + | - | ? |
|---|---|---|---|
| | | | |

**«Еки тәрепли дневник» усылы**

«Еки тәрепли дневник» усылы тыңлаўшыларда информациялық, операциялық қәсийетлерди раўажландырады. Бул усылды қолланыў бойынша методикалық көрсетпелер:

***Биринши адым–*** дәптер бети екиге бөлинеди.

***Екинши адым–*** тыңлаўшы лекцияда өзине анағурлым дәрежеде тәсир еткен (унаған ямаса белгили бир дәрежеде сораў туўдарған) пикирлерди, тыңлаўшының идеяларын дәптердиң шеп тәрепине жазады.

***Үшинши адым–*** дәптердиң оң тәрепине тыңлаўшы берилген пикирлерге болған өзиниң түсиндирмелерин жазады.

***Төртинши адым–*** текстти оқып көрип, тыңлаўшылар дәптерге өзлериниң көз қарасларын жазады.

***Бесинши адым–*** жумыстың соңында тыңлаўшылардың ҳәр бири өзлериниң пикирлери менен басқа тыңлаўшыларды таныстырыўға ҳақылы, олардағы өзлерине унаған идеяларды атап көрсетиўине болады.

# 4. ӨЗ-БЕТИНШЕ ЖУМЫСЛАР

## ӨЗ-БЕТИНШЕ ЖУМЫСТЫ ОРЫНЛАЎ БОЙЫНША КӨРСЕТПЕЛЕР:

1. Өз-бетинше жумыста қәнигелигин арттырыў курсы тыңлаўшылары усыныс етилген темалардың ишинен биреўин таңлап, усы тема бойынша лекция сабағы исленбесин таярлаўы тийис. Сабақ исленбеси бир жуплық (80 минут) сабаққа мөлшерленген болып, оның қурамы төмендегилерден ибарат болады:

***а) лекция тексти***

***b) технологиялық карта***

***с) қосымшалар***

***d) темаға байланыслы тестлер***

***е) кейс***

***ж) глоссарий***

2. ***Лекция текстлерине қойылатуғын талаплар*****:** лекция тексти теманы кеңнен жарытып бериўге бағдарланған анық режеге ийе болыўы, лекция тексти режедеги сораўға байланыслы бөлеклери анық ажыратылып көрсетилиўи тийис. Лекция тексти тек автордың пикирлери менен ғана шекленип қалмай, бул пикирлерди тастыйықлаўшы ямаса тусиндирмелерге анықлық киритиўши силтемелер менен тәмийинленген болыўы лазым. Лекция текстиниң көлеми 7 беттен төмен болмаўы шәрт. Лекция текстинен соң лекцияда көрсетилип өтилген таяныш сөзлер ажыратылып көрсетилиўи керек. Лекция текстиниң кейининде теманы тыңлаўшылар тәрепинен өзлестирилиўин тексериў ушын арналған қадағалаў сораўлары болыўы шәрт.

3. ***Технологиялық карта*** анық бир тема ушын арнап исленген болып, бунда усы тема өзгешеликлери есапқа алыныўы тийис.

4. ***Қосымшалар*** шәртли түрде лекция текстери ҳәм технологиялық картада белгиленген мақсет ҳам ўазыйпалар менен байланысқан болыўы тийис. Қосымшалар сыпатында слайдлы материаллар пайдаланылса, слайдлар тек текстли материаллардан ибарат болмаўы тийис. Слайдлар ең

тийкарғы түсиник ҳам анықламаларды, тийкарғы мазмунда түсиндириўге жәрдемлесетуғын схемалар, гистограммалар, таблица ҳам сүўретлерди өз ишине қамтыўы тийис. Қосымшалар қурамына сабақта студентлердиң баҳаланыў кртиерийлери киритилиўи мақсетке муўапық.

5. Сабақ бойынша 10 ***тест*** сораўы жетерли. Бирақ тест сораўлары лекция тексти ҳам технологиялық картада белгиленген мақсет ҳәм ўазыйпалар менен байланыслы түрде ислеп шығылған болыўы тийис. Тест сораўлары үш дәрежеге ажыратылыўы усыныс етилери:1) темадағы тийкарғы түсиник ҳәм анықламалардың мәнисин улыўма түсиниў дәрежесин анықлаўшы сораўлар (3 сораў); 2)сабақта сөз етилген мәселелердиң студенттиң қәнигелиги ямаса улыўма жәмийетлик искерлигине байланысын түсиниў дәрежесин анықлаўшы сораўлар (4 сораў); 3) сабақта көтерилген мәселелер бойынша дөретиўшилик қатнасты талап ететуғын сораўлар (3сораў).

6. ***Глоссарий*** қурамына сабақта көтерилген мәселелер бойынша терминлер ғана киритилип, оларға қысқа ҳам анық анықламалар бериліўи тийис.




**Аналитикалық философия пәнинен ассесмент тапсырмасын орынлаў бойынша көрсетпелер:**

1. Тапсырмада тийкарынан таңлаған теманың мазмуны, оның басқа темалардан өзине тәнликлери, әмелий искерликте қолланылыўы ҳәм бул искерликти жәнеде жетилистириў бойынша ойлар ортасындағы байланысты көрсетиўге дыққат қаратылады.
2. Таңлаған тема бойынша ең тийкарғы мазмун графикалық органайзерде көрсетилген тәртипте шеңбер ишине жайластырылады.
3. Тийкарғы мазмунды түсиндириўши мағлыўмалардың ҳәр бир кетекше бойынша кеңейтирилген мағлыўматлары өз алдына 2 бет көлеминде көрсетилиўи тийис.
4. Тийкарғы графикалық органайзер таблица көринисинде толтырылыўы, ал кетекшелер бойынша мағлыўматлар қол жазба көринисинде қосымша тигилиўи керек.




## Аналитикалық философия:

- 1. XX-әсирдеги англичан тилиндеги еллерде үстинликке ийе болған ойдың бағдары сыпатында;
- 2. анықлылық, дәллик ҳәм логикалық қатаңлық идеалларына бағдарланған философиялық ойлаў усылы. Бул мазмун Л.Витгенштейнниң Tractatus Logico-Pilosophicus /1921/ атлы мийнетинде төмендегише бериледи: «Философияның мақсети – ойларға логикалық жақтан анықлылық киргизиў» /Цель философии – логическое прояснение мыслей/.

## Аналитикалық философияның пайда болыўы

- Аналитикалық философияның пайда болыўы XX-әсирдиң басларында метафизикалық философияның кризиси ҳәм Э.Мах ҳәм Р.Авенариуслардың «екинши позитивизминиң» идеяларының раўажланыўы менен байланыслы болады.
- Аналитикалық философияның тийкарын салыўшылар: Бертран Рассел ҳәм Джордж Эдвард Мур.
- Рассел /А.Уайтхед пенен биргеликте/ философиялық фундаментти математикалық логикаға әкеледи ҳәм логикалық атомизм доктринасын алға сүреди /Витгенштейн тәрепинен раўажландырылады/.

• Мур дәстүрий этика ҳәм идеалистлик метафизиканы сынға алады. Аналитикалық философияның шыңы – Л.Витгенштейн /«Логикалық-философиялық трактат»/.

## Аналитикалық философия

• Аналитикалық философия – ең алды менен тил философиясы. Барлық дүнья тил арқалы көринеди. Дәстүрий философия, аналитиклердиң пикиринше, тилдиң жетиксизлигине, атап айтқанда, оның сөзлери ҳәм баянламаларынң көп мәнилигине байланыслы пайда болған ҳәм өмир сүрген. Ҳақыйқый философияның ўазыйпасы: идеал тилди қурыў, өзиниң бир мәниликке ийе болыўына байланыслы ол дәстүрий философиялық проблемаларды /анығырағы псевдопроблемаларды: онтологиялық, гносеологиялық, мораллық, эстетикалық ҳ.б./ сапластырады. Усы мәнисте аналитикалық философия – ең алды менен тилди формалластырыўға умтылатуғын, оған логикалық белгилер тилиниң жетиклигин беретуғын логикалық философиялық доктрина.

•

## Б.Рассел /1872-1970/ - англичан философы, математиги, математикалық логиканың раўажланыўына үлкен үлесин қосқан ойшыл

• Ол символикалық логика тараўында ҳәм оны философиялық, логикалық проблемаларға қолланыўда әҳмийетли нәтийжелерге еристи.

• Оның әҳмийетли мийнети - «Начала математики» /Princirca Mathematica, 3 томлық, 1910-1913 жыллары басылып шығылды, А.Уайтхед пенен биргеликте жазылады/. Бул жумыста таза математиканың теоремалары логика принциплеринен келип шығады, ал математика түсиниклери болса логика терминлеринде анықланыўы мүмкин деген тезисти дәлиллеўге ҳәрекет етеди. Рассел логикалық-аналитикалық методты қолланыў арқалы философияның илимге айланыўының мүмкинлигине исенген.

## Л.Витгенштейн /1889-1951/ - ХХ-әсирдиң көрнекли ойшылы. Логико-философский трактат /1918, 1921/. Философиялық изертлеўлер.

Философиялық деп тән алынған көплеген гәплер ҳәм сораўлар жалған емес, ал олар мәниликке ийе. Сол себепли усындай тектеги сораўларға улыўма жуўап бериў мүмкин емес, тек ғана олардың биймәни екенлигин ғана айта аламыз. Философтың көплеген гәплери ҳәм сораўлары бизлердиң тилимиздиң логикасын түсинбеўимизде. Барлық философия – бул тилдиң критикасы. Философияның мақсети – ойдың логикалық анықлылығы.. Философияның нәтийжеси – философиялық гәплер емес, ал гәптиң ылайықлы анықлылығы /доступная ясность/. Ойлар, әдетте, гүңгирт ҳәм жайылған, философия оларды анық ҳәм дәл қылады.

- **Феноменология - /грекше - феноменлер ҳаққындағы тәлимат/.**
- **XIX-әсирде феноменология ең алды менен Гегельдиң «Руўх феноменологиясы»: руўхтың өзин түсиниўи ҳәм түсиниктеги абсолютлик билимге қарай системасы менен сәйкес келетуғын оның өзиниң раўажланыўының диалектикалық процессиниң ашылыўы менен байланыслы болған. Феноменология түсиниги XX-әсирде басқаша мәниске ийе болады, заманагөй философиялық ойдың жетекши бағдарларының бирин аңлатқан.**

- **Феноменологиялық философияның ҳәм феноменологиялық ҳәрекеттиң тийкарын салған Эдмунд Гуссерль /1859-1938/. Ол Фр.Брентаноның «дескриптивлик психологиясының» тийкарғы идеяларын критикалық жақтан раўажландырады /Декрат, Лейбниц, Юм, Кант, Больцано, Дильтей/.**

## 1-лекция. Аналитикалық философия: тийкарғы бағдарлар ҳәм проблемалар

*Реже:*

1. **Аналитикалық философияның келип шығыў мәселеси**
2. **Аналитикалық философияның раўажланыў басқышлары**
3. **Илимий мектеплердиң тийкарғы искерлиги**
4. **Витгенштейн тәлиматы. Түсиниў проблемасы**




**Верификация принципине тийкарланбайды**

**Верификация принципине тийкарланады**

**Философиялық дисуссиялар усы еки түсинилиўдиң тийкарсыз араластырылып жиберилиўинен келип шығады**

## Қадағалаў ушын сораўлар:

1. Аналитикалық философия дегенимиз не?
2. Аналитикалық философияның қандай бағдарлары бар?
3. Б.Расселдиң «Что такое философия?» атлы мийнетинде философияның образы қалай түсиндирилген? ?
   - A. Илим ҳәм философияның арасындағы айырмашылық неде?
   - B. Б.Рассел философияның келешегин неде көреди?
   - C. Заманагөй жәмийетте философияның баҳалығы неде?
   - D. Б.Рассел логикалық атомист деген терминниң мәнисин қалай түсиндиреди?
4. Философия тилдиң механизмлерин ҳәм оның мазмунлық мәнислерин анықлаў сыпатында дегенимиз не?
5. Витгенштейнниң «Философиялық изертлеўлер» атлы мийнетинде қандай мәселелер көтериледи?
6. Витгенштейн «тиллик ойынлар» дегенде нени түсинеди?
7. Билиўде «анық емес түсиниклердиң» роли қандай?
8. Витгенштейн философияның қандай өзгешеликлерин бөлип көрсетеди?

# 2-лекция. Логикалық анализ ҳәм оның структурасы

Таярлаған: философия илимлери докторы
Бердимуратова Алима Қарлыбаевна

2018-жыл

# 1-лекция. Логикалық анализ ҳәм оның структурасы

*Реже:*

1. **Логикалық анализ түсиниги**
2. **Аргументлестириўдиң логикалық тийкарлары**




**Аргументлестириў** дегенимиз фактлердиң, эмпирикалық, теориялық улыўмаластырылған пикирлердиң ямаса белгили бир тезистиң ҳәр тәреплеме дәлилилениўин, негизлениўин аңлатады.
Аргументлестириўдиң тийкарғы уазыйпасы ретинде қандай да бир тастыйықлаўдың (пикирдиң) шынлығына инандырыўды иске асырыў алып қаралады. Инандырыў – бул шынлыққа болған толық исенимди береди.


Инандырыўды қәлиплестириўдиң усылары
Дәлиллеў жолы
Исеним, көндириў тийкарында
Ҳақыйқатлыққа тиккелей қатнас
Аргументлестириў тийкарында

## Аргументлестириў структурасы




**Тезиске қатнастағы қәделер хәм қәтешиликлер:**

| Қәделер | Қәтешиликлер |
|---|---|
| **1. Тезис анық хәм дәл түрде берилиўи керек** | Анық хәм дәл емес тезистиң қойылыўы менен байланыслы. |
| **2. Тезис хәмме ўақытта өзине тең қалыўы керек (неизменность тезиса)** | 2.1. Тезисти жоғалтып қойыў.<br>2.2. Тезисти толығы менен алмастырыў:<br>А) қойылған тезистиң орнына басқа тезисти дәлиллеў.<br>Б)инсанға аргумент (аргумент к личности) - қарсыласқа оны күлкили дәрежеде көрсетиўши реаль ямаса өтирик кемшиликлер қыстырылады хәм оның пикирлеўине исеним жоғалтылады хәм т.б.<br>В)логикалық диверсия - алға сүрилген тезисти дәлиллеў мүмкиншилигиниң жоқ екенлигин сезип, шығып сөйлеўши тыңлаўшылардың дыққатын берилген тезис менен туўры байланысқа ийе емес басқа мәселени тастыйықлаўға аўдарады.<br>2.3. Тезисти айырым (частично) түрде алмастырыў - пропонент өзиниң қабыл алған тезисиниң дәслепки улыўма алынған мазмунын дәлиллеў процесси барысында оны тарайтыў тийкарында өзгертеди. |

**Аргументлерге тийисли қәделер ҳәм қәтешиликлер:**

| Қәделер | Қәтешиликлер |
|---|---|
| **1. Аргументлер шын ҳәм дәлилленген болыўы тийис** | 1.1. "Тийкарғы қәтелесиў" (шын ретинде жалған аргументти қабыл алыў). 1.2. "Тийкардың алдын алыў". |
| **2. Аргументлер тезистен ғәрезсиз түрде дәлилленниўи тийис.** | 2.1. "Дәлиллеўдеги айланбалық". 2.2. Аргумент менен тезистиң барабарлығы (бирдейлиги). |
| **3. Аргументлер бир бирине қарсы болмаўы тийис.** | 3.1. Бир бирине қарсы болған аргументлерди усыныў. |
| **4. Берилген тезис ушын аргументлер жеткиликли болыўы тийис.** | 4.1. "Асығыс (қыстаўлы) түрде берилген дәлил". 4.2. Шектен тыс (чрезмерное) дәлиллеў. |

## Қадағалаў ушын сораўлар:

1. Логикалық анализге түсиндирме бериң.
2. Тастыйықлаўларды дәлиллеў қандай усыллары бар?
3. Аргументацияның ҳәм сынның дүзилиси ҳәм түрлерин атап көрсетиң .
4. Аргументлестириў билиў процесси сыпатында қандай белгилерге ийе?.
5. Тезиске қатнасы бойынша аргументациның ҳәм сынның қандай қәделери бар?.
6. Аргументлерге қатнасы бойынша қәделерди атап көрсетиң.
7. Дискуссияның өтиўин қалай шөлкемлестириў керек?

## 3-лекция. Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы

**Таярлаған: философия илимлери докторы Бердимуратова Алима Қарлыбаевна**

2018-жыл

## 1-лекция. Аналитикалық философияның функционал сыпатламасы

*Реже:*

1. **Анализ, оның түрлери ҳәм мазмуны**
2. **Мәнис ҳәм мазмуны. Логикалық байланыс түсиниги**

**Анализ грек тилинен алынып бөлеклеў дегенди аңлатады.**

**Ойлаў дəрежесинде изертленилип атырылған объектти қурам бөлеклерге бөлиўди, олардың жеке қəсийетлерин, қатнасықларын үйрениў мақсетинде изертлеўди аңлатады.**

***Анализ актин анализлеў деп атаймыз, ал анализ өткериў усылын – аналитикалық метод деп айтамыз.***

*"Логика" сөзи əййемги грек тилинен алынып, "logos" термини "түсиник", "ақыл", "пикирлеў" дегенди аңлатады.*

*Бириншиден*, бул термин менен обектив дүньяның нəрселери ҳəм қубылысларының өзгериў, раўажланыў нызамлылықларын белгилейди ҳəм оны обектив логика деп атайды.

*Екиншиден*, логика түсинигин ой-пикирлердиң байланысының ҳəм раўажланыўының өзгеше нызамлылықларын белгилеў ушын қолланады ҳəм бул нызамлылықларды обектив нызамлылықларды сəўлелендириўши субектив логика деп атайды.

*Үшиншиден*, логика ой-пикирлердеги байланыс ҳəм раўажланыў нызамлылықлары ҳаққындағы илим мəнисинде қолланылады ҳəм ойлаў ҳаққындағы илимди аңлатады.


Ойлаӯдың мазмуны – қоршаған орталық ҳаққында бизлердиң ойымыздың барлық байлығы, олар ҳаққында конкрет билимлер.
Ойлаӯдың формасы, ямаса логикалық форма – ойдың структурасы, оның элементлериниң байланыс усылы. Ол ойларымыздың конкрет мазмунының барлық парқын есапқа алғанда олардың уқсаслығын аңлататуғын тәрепи.
Барлық атлар от жейди.
Барлық дәрьялар Каспий теңизине қуяды.
Олардағы уқсаслық – олардың структурасында. Оларда бир нәрседе бир нәрсениң барлығы тастыйықланғанлығы ҳаққында сөз етиледи. Ол олардың бир пүтин логикалық структурасы.
Мысал
планета, терек, адвокат.
Барлық планеталар батыстан шығысқа қарай айланады.
Қәлеген терек – өсимлик.
Барлық адвокатлар – юристлер.
Барлық планеталар батыстан шығысқа қарай айланады. Марс планета. Сол себепли марс айланады
Түсиник
Пикир
Ой-жуўмағы


Пикирлеў процессинде ойлар арасындағы дурыс байланысты ойлаўдың нызамлары анықлайды.
Олар ойлардың конкрет мазмунынан гәрезсиз түрде пикирлеў процессинде қәтеликлер жибериўден сақлайды.
Ойлаўдың нызамлары
Бирдейлик (теңлик) нызамы
Жеткиликли тийкар нызамы
Үшиншисин жибермеў нызамы

## Қадағалаў ушын showраўлар:

1. Абстрактлик ойлаўдың тийкарғы белгилери қандай?
2. Ойдың логикалық формасы дегенимиз нени аңлатады?
3. Формал логиканың тийкарғы нызамларына анализ бериң.
4. Белги дегенимиз не?
5. Белгилердиң қандай тийкарғы түрлери бар?
6. Атлардың тийкарғы түрлерине анализ бериң.
7. Дескриптивлик терминлердиң тийкарғы типлерин көрсетиң.

# 4-лекция. Аналитикалық эпистемология ҳәм феноменология

Таярлаған: философия илимлери докторы
Бердимуратова Алима Қарлыбаевна

